ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№149 (24.587) ● 2023 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 14, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Махуи 9-щ къэнэжар

ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ! 2024 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ди газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм абы щытрадзэну пIалъэр дыгъэгъазэм и 22-м еух.

«Адыгэ псалъэм» тедзэным феужьэрэкIыну, иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ. Ди ныбжьэгъу пэжу адэкIи фыкъэнэну, дунеймрэ лъэпкъымрэ ехьэлIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм анэдэлъхубзэмкIэ къыдэкI газет закъуэмкIэ зыщывгъэгъуэзэным къыпыфщэну фыхуеймэ, фигу къыдогъэкIыж «Адыгэ псалъэм» мазихым и уасэр:

унэм ныфхуахьынумэ - сом 897-рэ кIэпIейкIэ 96-рэ;

фэ езым пощтым къыщеIыфхыжынумэ - сом 814-рэ кIэпIейкIэ 26-рэ.

«Адыгэ псалъэм» щытевдзэ хъунущ КъБР-м пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм и IуэхущIапIэ псоми.

Ди индексыр П 5894

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэр

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий иригъэкIуэкIащ и нэIэм щIэт Советым и зэIущIэ. Абы хэтащ ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ КИФЩI-м хыхьэ щIыналъэхэм лъэпкъ проектхэр зэрыщагъэзащIэм.

ЧАЙКЭ Юрий къыщыпсалъэм къыхигъэщащ лъэпкъ проектхэр хъарзынэу щIыналъэхэм зэрыщагъэзащIэр. Къапщтэмэ, абыхэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм я процент 95,5-р гъащIэм хапщащ. Къэралым и Президентым и лIыкIуэм апхуэдэу игъэбелджылащ объект зыбжанэхэмкIэ гугъуехь зыпылъ гуэрхэр зэрыщыIэри. Къулыкъущiэ лъагэм къыхигъэщащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэныр къэралым зегъэужьынымкIэ Президент Путин Владимир къигъэува къалэн нэхъыщхьэхэм зэращыщыр.

Лъэпкъ проектхэм хыхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащIэ щIыналъэ проект 45-рэ. Абыхэм хухахащ сом мелард 12-м щIигъу. А мылъкум щыщу мелард 9,8-р федеральнэ бюджетым къыхэкIащ. Лъэпкъ проектхэр щIыналъэм зэрыщагъэзащIэм уеплъмэ, дызэрыт илъэсым и дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлIэу абыхэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм я процент 99,7-р зэфIэха хъуащ. Ди республикэм а унэтIыныгъэмкIэ къэралым и щIыналъэхэм я рейтингым 11-нэ увыпIэр щиIыгъщ.

КIуэкIуэ Казбек зэрыжиIамкIэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ объектхэм ящыщщ ныбжьыщIэ 10249-рэ зэкIуэлIэфыну школ 18, спорт IуэхущIапIэхэр зэраухуэр, еджапIэхэм, спорт пэшышхуэхэм, щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм ящыщ куэдым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр зэрыщекIуэкIыр. Апхуэдэу яухуэ псы зэрыкIуэ бжьамийхэм хуэдэу 16, зэпэщ ящI фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщIантIи 110-рэ жылагъуэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэ 47-рэ. КъинэмыщIауэ, щIэрыщIэу зэрагъэпэщыж щIыналъэ, щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъуэгуу 33-рэ. Километри 100-м щIигъу зи кIыхьагъ а гъуэгухэр зыхуей псомкIи къызэрагъэпэщ, уэздыгъэхэр фIадзэ, шынагъуэншэ ящI. Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм утепсэлъыхьмэ, лъыш узыфэ къызэуэлIахэм щеIэзэну диспансер, амбулатори 3, ФАП яухуэ, поликлиникэ къудамэхэм ящыщу 14-р зэрагъэпэщыж.

ЩIыпIэхэм щылажьэ медицинэ IуэхущIапIэхэр къызэрагъэпэщащ транспорт 19-кIэ, медицинэ оборудованэу 140-м щIигъу щагъэуващ.

Бахъсэн псым телъ лъэмыжыр къызэIуахыжащ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Р-217 «Кавказ» трассэм и 429-нэ километрым хуэзэу Бахъсэн псым телъ лъэмыжыр къыщызэIуахыж зэIущIэм.

ЗЭХЫХЬЭ гуапэм хэтхэм видеоконференц жыпхъэм иту закъыхуигъэзащ «Росавтодор»-м и унафэщI **Новиков Роман**:

- УФ-м ТранспортымкIэ и министерствэм и пщэрылъкIэ гъуэгухэм елэжь федеральнэ агентствэм Кавказ Ищхъэрэм и автомобиль гъуэгу нэхъыщхьэр зэрыригъэфIэкIуэным хуэунэтIа Iуэхухэм адэкIи къыпещэ. Абы щыщу километри 100-м щIигъур Къэбэрдей-Балъкъэрым хуозэ: Ставрополь крайм и щIыналъэр щиухым щегъэжьауэ Осетие Ищхъэрэ - Аланием и гъунапкъэм щыщIидзэм нэс. ИджыпстукIэ километр 70-р зэуэ машиниплI щызэблэкIыным хуэщIауэ зэрагъэпэщащ, абы мыхьэнэшхуэ иIэщ шынагъуэншагъэмкIэ, апхуэдэуи УФ-м и Президентым къигъэлъэгъуа пщэрылъхэр гъэзэщIэнымкIи. Абы и зы щапхъэщ мы лъэмыжыр сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщ зэращIар. Iуэхум адэкIи къыпытщэнущ. Иджыри къытпэщылъщ машиниплI щызэблэкIыным хуэщIауэ гъуэгу километр 35-рэ зэгъэпэщыжыныр. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ зэфIэкI хъарзынэхэр къэзыгъэлъагъуэхэм ящыщщ.

Республикэм къыхуагъэфэщащ Урысей Федерацэм ТранспортымкIэ и министерствэм и тыгъэхэр. Автомобиль гъуэгухэмкIэ «Кавказ» федеральнэ управленэм и унафэщI **Лукашук Александр** КъБР-м и Iэтащхьэм къритыжащ щIыхь тхылърэ «Золотой каток» статуэткэмрэ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, щIыналъэ унафэщIхэр, гъуэгум елэжь IуэхущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Лъэмыжыр зэгъэпэщыжын щIадзауэ щыташ 2022 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм. IэнатIэм щIэуэ къыхыхьа технологиещIэхэр къагъэсэбэпкIэрэ, IэщIагъэлIхэм икъукIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ. Лукашук Александр къыхигъэхьащ иужьрей илъэсхэм а гъуэгу Iыхьэм щызекIуэ транспортхэм хъарзынэу къазэрыхэхъуар, зы жэщ-махуэм къриубыдэу автомобиль мин 35-м ноблагъэ, метри 122-рэ хъу лъэмыжым япэм машинитI щызэблэкIыу щытамэ, иджы машиниплI техуэу, зэблэкIыгъуитIу зэщхьэщыхауэ щытщ. КъищынэмыщIауэ, лъэмыжым шагъэуващ абы телъ гъуэгур тещтыкIмэ, ар къэзыгъэвыжын Iэмэпсымэ. Апхуэдэуи хьэлъагъышхуэ хуэIыгъынми хуэщIащ.

Мы зэманым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI Аргудан къуажэр щиухым щегъэжьауэ Осетие Ищхъэрэ - Аланием и гъунапкъэм нэс гъуэгу Iыхьэм, Старэ Шэрэдж дэлъэдапIэм деж иIэ лъэмыжым. 2024 гъэми абы и лъэныкъуэкIэ къалэн пыухыкIахэр къапэщылъщ.

ЩIыналъэ гъуэгухэр зэгъэпэщыжын Iуэхухэри хъарзынэу ягъэзащIэ. Мы илъэсым зыхуей хуагъэзэжащ щIыпIэм и автомобиль гъуэгуу километри 130-рэ. 2024 гъэм «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектымкIэ щIыналъэ гъуэгуу километри 100 зэрагъэпэщыжынущ, ахэр къэзыгъэнэхун уэздыгъэхэр фIадзэнущ.

- Ди республикэм щыпсэухэм къабгъэдэкIыу фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ УФ-м и Президентым, лъэпкъ проектхэр абы и жэрдэмкIэ къызэрыхалъхьам папщIэ. Абыхэм ящыщ зыщ «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» проектри. ЩIыналъэм и цIыхухэм ящыщ дэтхэнэми и щхьэкIэ игъэунэхуащ гъуэгу, транспорт инфраструктурэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр. Апхуэдэу ди щIыналъэм гулъытэ къызэрыхуищIым папщIэ фIыщIэ хуэфащэщ Хуснуллин Марат, дахуэарэзыщ «Росавтодор», автомобиль гъуэгухэмкIэ «Кавказ» федеральнэ IуэхущIапIэхэм я IэщIагъэлI гупми. Лэжьыгъэхэр щIэгъэхуэбжьауэ йокIуэкI, къэдгъэлъэгъуа пIалъэм хьэзыр хъун хуэдэу, апхуэдэу щытми, фIагъыми гулъытэшхуэ худощI. Апхуэдэ лэжьыгъэр республикэм щызекIуэхэм я тыншыпIэм, абыхэм я гъащIэр хъумэным хуэщIащ, ар экономикэм и зыужьыныгъэщ. ФIыщIэ яхузощI нобэ мы лэжьыгъэр зыгъэзащIэ цIыхухэм, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

КIуэкIуэ Казбекрэ Лукашук Александррэ гъуэгу IэнатIэм и лэжьакIуэхэр ягъэпэжащ къэрал, ведомствэ дамыгъэхэмкIэ.

Лъэбакъуэщ1э зычхэр

Дыгъэгъазэм и 12-м, УФ-м и Конституцэмрэ КъБР-м и Парламентымрэ илъэс 30 щрикъу махуэм, республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуахэм я паспортыр щратыжащ. Абы ирагъэблэгъащ фIыуэ еджэ ныбжьыщIэ 36-рэ.

- НОБЭРЕЙ махуэр къызэрыгуэкIкъым. Урысей Федерацэм, тхыдэшхуэ къызыдекIуэкI къэралым, и дэфтэр нэхъыщхьэр япэу къыват. Мы махуэм догъэлъапIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ - УФ-м и Конституцэм и илъэс 30-р. ЗэрыфщIэщи, ар ди къэралым и ухуэкIэр, цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ щIэзыгъэбыдэ дэфтэрщ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**. - Апхуэдэуи нобэ хуэдэ махуэу, 1993 гъэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и япэ зэхуэсыгъуэр хахауэ щытащ. Абы лъандэрэ щIыналъэм псэукIэр нэхъыфI щызыщI хабзэхэр едгъэфIакIуэ зэпыту къекIуэкIащ. ЖысIэну сызыхуейращи, мыпхуэдэ IуэхущIапIэм дэфтэр нэхъыщхьэр къущатыным пщIэ пылъщ. Нобэ фи гъащIэ гъуэгуанэм лъэбакъуэщIэ щывоч. Урысейм и цIыхуу ущытыным пщIэшхуэ иIэщ, абы щыгъуэми жэуаплыныгъэ зыхэлъщ. Мы зэманым фэ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрывгъэхьэну фыхунэсащ еджэныгъэм, школ Iуэхухэм, спортым, нэгъуэщIхэми епхауэ. Ар фызрикIуэну гъуэгуанэшхуэм и щIэдзапIэщ. Фэращ Урысейм и къэкIуэнур. Иджыпсту фи къалэныр фIыуэ феджэнымрэ IэщIагъэ зэвгъэгъуэтынымрэщ. Урысей Федерацэм и паспортыр пщIэ хуэфщIу фхъумэ. Си гуапэщ цIыхугъэ фхэлъу, хабзэм фытету, фыкъыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэмрэ Хэкумрэ яхуэфащэу фыпсэуну.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Къардэн Мурат** ныбжьыщIэхэм щехъуэхъум игу къигъэкIыжащ Олимп джэгухэм текIуэныгъэ къыщихьыным пасэу и гур къыхуэзыгъэушауэ щытар и школ егъэджакIуэр зэрыарар. «Илъэс куэд дэкIа нэужь, си егъэджакIуэр къэкIуат сагъэлъапIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкъыщрагъэблэгъэжам. Си фIэщ мэхъу, зэман дэкIмэ, фэри фщыщ куэдым я цIэр щIэныгъэм, спортым, гъуазджэм, нэгъуэщI IэнатIэхэми къызэрыщыхэжаныкIынур, цIэрыIуэ фыхъуауэ зэрызэхэтхынур. Апхуэдэ дакъикъэм дэ дрипэгэжынущ «Абы и паспортыр сэрат езытар!» жытIэу. Фи зэфIэкIыр къэвгъэлъэгъуэну зэи фымукIытэ, фи къэухьым зэпымыуэ хэвгъахъуэ, зывужь», - жиIащ Къардэным.

НыбжьыщIэхэм я дэфтэрыр езытыну зэIущIэм кърагъэблэгъа, КъБР-м и МВД-м Iэпхъуэшапхъуэхэм я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ, полицэм и полковник **Къэрэнашэ Аслъэн** къыхигъэщащ щIалэгъуалэм щIэупщIэ зиIэ IэщIагъэ зрагъэгъуэтыну, я мурадхэр къайхъулIэну, цIыху пэж къахэкIыну зэригуапэр.

ЕджакIуэхэм я адэ-анэхэм фIыщIэ яхуищIащ КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Къумал Заурбэч**. НыбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ «КПРФ» фракцэм и унафэщI **Пащты Борис**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и чэнджэщэгъу **Несутулов Виктор** сыми.

ЩIалэгъуалэм къабгъэдэкIыу нэхъыжьхэм къыхуащIа гулъытэм щхьэкIэ фIыщIэ ящIу къэпсэлъащ Налшык къалэм и курыт школ №7-м щеджэ **Кыштык Альбертрэ** Налшык къалэм и курыт школ №9-м и еджакIуэ **Рахаевэ Даринэрэ**.

Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм адэ-анэхэм къабгъэдэкIыу фIыщIэ яхуищIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Мэкъумэш IэнатIэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ экологиемкIэ и комиссэм и унафэщI **Колесников Юрэ**.

ЩIалэгъуалэм паспортым щIыгъуу иратащ тхылъхэмрэ «Движение первых» урысейпсо жылагъуэ-къэрал щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и бгъэхэIу дамыгъэрэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Цыхубэм сэбэп яхуохъу

Налшык, щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ центрым, щагъэлъэпIащ «Илъэсым и мыкоммерческэ зэгухьэныгъэ нэхъыфI» республикэ зэпеуэм щытекIуахэр. ЦIыхубэм сэбэп яхуэхъу Iуэхухэр зылэжьа, зыхуагъэувыжа къалэнхэр къызыхуэтыншэу зыгъэзэщIа апхуэдэ IуэхущIапIэхэр къыхэхынымкIэ зэпеуэр къызэригъэпэщащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм.

ЗЭПЕУЭР мы гъэм лIэужьыгъуиплIу гуэшауэ щытащ: «Лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэ», «Щэнхабзэ-жылагъуэ жэрдэмхэр», «ДощIэж, дрогушхуэ», «Гуапагъэм и гъуэгукIэ». Iуэхум хэтащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министр **КIурашын Анзор**, КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ, хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Къумал Заурбэч**, КъБР-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм псэуныгъэкIэ защIэгъэкъуэнымкIэ и министерствэм социальнэ IуэхутхьэбзэмкIэ и департаментым и унафэщI **Къумыкъу Аслъэн**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и аппаратым и унафэщI **Дьяченкэ Аннэ**.

- Зэпеуэр илъэс къэси идогъэкIуэкI. Ди гуапэщ, ар къызэрацIыхуар, зэгухьэныгъэ куэдым я лэжьыгъэхэр къызэрырагъэхьыр. Къызэдгъэпэща Iуэхур сэбэп зэрыхъум и щыхьэтщ ар. Лэжьыгъэшхуэ ящIащ зи проект къезыгъэхьахэм. Зэгухьэныгъэхэм къагъэлъэгъуа проектхэм хэплъащ къэпщытакIуэ гуп, - жиIащ КIурашын Анзор.

«Лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэ» унэтIыныгъэм щытекIуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэр. Абы и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** фIыщIэ яхуищIащ Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэхэм, проектхэр къэзыпщытахэм. Къыхигъэщащ, дяпэкIи и гуапэу я лэжьыгъэхэр зэпеуэм къызэрырагъэхьынур.

«Щэнхабзэ-жылагъуэ жэрдэмхэр» Iыхьэм япэ щищащ «Авангард» дзэ-хэкупсэ зэгухьэныгъэр. Къумал Заурбэч бжьыпэр зыубыдахэм ехъуэхъуащ нэхъри я гуащIэм хагъэхъуэну.

«ДощIэж, дрогушхуэ» унэтIыныгъэм щытекIуащ IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм хэта офицерхэм я «Мегапир» лъэпкъ ассоциацэр.

- Тхыдэ фээплъымрэ хэкупсагъэмрэ мыхьэнэшхуэ щаIэ къэралым дыщопсэу. ДиIэщ зи фэеплъ тхъумэн хуейхэр, зи пщIэ тIэтыпхъэхэр, дызэрыгушхуэхэр. Си гуапэщ мыпхуэдэ лэжьыгъэм къыщыхэжаныкIа зэгухьэныгъэм и фIыщIэ тхылъыр Iэрызгъэхьэжыну къызэрыслъысар, - жиIащ Дьяченкэ Аннэ.

«Гуапагъэм и гъуэгукIэ» Iыхьэм нэхъыфIу къыщалъытащ дзэм ныкъуэдыкъуагъ хэзыхахэм я «Воин» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм къыхилъхьар. Абы фIыщIэ тхылъ щаритыжым, Къумыкъу Аслъэн жиIащ зэгухьэныгъэм игъэзащIэ Iуэхухэм псэ хуабагъ зэрахэлъыр. Зэгухьэныгъэм и унафэщI **Тхьэгъэлэдж Тимур** Iуэхур къызэзыгъэпэща министерствэм фIыщIэ хуищIащ, Уф-м и Конституцэм и махуэм техуэу текIуахэр зэрагъэлъапIэр гуапэ зэрыщыхъуари къыхигъэщащ.

Iуэхур уэрэдкIэ ягъэдэхащ Мэжаджэ Софие, Къуныжь Елизаветэ, Теммоевэ Даянэ, Джамалдинов Нурлан, Шэру Даянэ, Ким Виктор сымэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ,
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ДызыщыгуфIыкIыжын фIыгъуэхэр

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым и зи чэзу зэхуэсыр иджыблагъэ Налшык къалэм щызэхэтащ. Абы кърихьэлIащ АР-м, КъБР-м, КъШР-м, Ставрополь, Краснодар щIыналъэхэм, Осетие Ищхъэрэ - Аланием щылажьэ хасэ къудамэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ. Апхуэдэу зэхуэсым и лэжьыгъэм пэIудзауэ хэтащ Тыркум, Иорданием, Сирием, Израилым, Европэм щыIэ Адыгэ Хасэхэм я унафэщIхэмрэ Iуэхузехьэхэмрэ.

ДАХ-м и зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Хьэсанэ Аслъэн**, КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министр **КIурашын Анзор**, ДАХ-м и Тхьэмадэм и советым хэт, цIыхубэ тхакIуэ **МэшбащIэ Исхьэкъ**, ЦIыхум и хуитыныгъэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Зумакулов Борис**, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI **Дзэмыхь Къасболэт**, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм икIи хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** зэIущIэр къыщызэIуихым лъэпкъ Iуэхум гурэ псэкIэ пэрыт щIыпIэ хасэхэм я лIыкIуэхэм ирагъэкIуэкIхэм папщIэ фIыщIэ яхуищIащ икIи дэтхэнэми зыхуагъэувыж къалэнхэмрэ зыщащIыж мурадхэмрэ зэщIа хъунымкIэ я гуащIэ зэремыблэжыр, яхузэфIэкI зэращIэр, а лэжьыгъэр дяпэкIи зэпымыуэ зэрекIуэкIынумкIэ фIэщхъуныгъэ зэриIэр къыхигъэщащ.

- ДАХ-р къызэрыунэхурэ гугъуехь мащIэкъым зыIууар, - жиIащ Сэхъурохъуэм. - Ауэ сыт хуэдиз лъэпощхьэпо дрихьэлIэми, зыхуэдгъэувыжа къалэныр зэпэшэчауэ, ди лъэпкъым ифI зыхэлъхэр япэ идгъэщу дызэрылэжьэнур хьэкъщ. Адыгэхэм къалъыкъуэкI Iуэху зэIумыбзхэр зыхуей хуэзэу зэблэгъэкIыныр, дунейм къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэм емылъытауэ, щIыпIэхэм щыIэ хасэхэм зэрызыщхьэщамыхыр абыхэм ирагъэкIуэкI Iуэху куэдым наIуэ къещI. Зым и щапхъэр адрейм и бзыпхъэу зэрыпсэум и щыхьэт нэсщ нэхъыжьхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зэхэту ирагъэкIуэкI пэхуэщIэхэр нэхъыбэ зэрыхъуам, лъэныкъуитIри щызэлъэIэс зэхыхьэхэр зэрыщIэхуэбжьам. Ар икIи игъуэщ, сыту жыпIэмэ нобэ дызыдэплъеипхъэ нэхъыжьхэр къытхэтыхущ дызэрыкIуэ гъуэгур нэхъ занщIэу щытлъагъунур, абыхэм я псалъэ дыщIэдэIухущ ди гуращэхэр нэхъ къыщыддэхъунур. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, лъэпкъым и гъуэгугъэлъагъуэу къытхэта цIыху зыбжанэ тхэукIуриикIащ. ЗэрыадыгэУ гущIыхьэ ящыхъуащ Темыркъан Юрэрэ Къандур Мухьэдинрэ. Зи цIэ къисIуа лIыфIхэр псэуху зыхущIэкъуари зи ужь итари цIыхугъэмрэ дахагъэмрэ дунейм тепщэ щащIынырщ, адыгэ щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ адрей лъэпкъхэр щыгъэгъуэзэнырщ. ТIуми я гуащIэ къыдэкIар къыпхуэмылъытыну инщ, лъэпкъым и пащхьэ щаIэ фIыщIэри къызэрымыкIуэу лъагэщ. Дызыпэрыт лъэпкъ Iуэхур щIыдэкIыр, ди гупсысэхэр нахуапIэ щIэхъум и зы щхьэусыгъуэщ абыхэм къытхуахьа Iулыджымрэ пщIэмрэ.

Хасэм хэтхэр зи дунейр зыхъуэжахэм яхуэщыгъуа нэужь, Сэхъурокъуэм гуауэри гуфIэгъуэри зэрызэпылъым и щапхъэу ущIэгушхуэни мымащIэу лъэпкъ гъащIэм зэрыхэтыр, ахэр гугъапIэ уэзыгъэщI IуэхуфIу зэрыщытыр къыхигъэщащ. «Ди щхьэр лъагэу щIэтлъагъуэжын Iуэху дахэ ди нэгу щIэкIащ - «Урысейм и набдзэ» саугъэт лъапIэр къыхуагъэфэщащ МэшбащIэ Исхьэкъ. НэхъыжьыфIым и цIэр къыщыдгъэлъагъуэм, саугъэтым и къызэгъэпэщакIуэхэм ар къыддаIыгъащ. Зыщыщ лъэпкъыми щыпсэу хэгъэгуми илъэс пщIы бжыгъэ зыбжанэ хъуауэ хьэлэлу къалэмкIэ хуэлажьэ, жылагъуэ къалэнхэр къызыхуэтыншэу зыгъэзащIэ, къытщIэхъуэ щIэблэр гъуэгу захуэ тегъэувэным хуэунэтIауэ Iуэхугъуэбэ зэфIэзых МэшбащIэм и фIыщIэм къыпэхъун зэрыщымыIэр къэралышхуэм исхэм я фIэщ ящIащ. А дамыгъэ лъапIэр зыхуагъэфэщар МэшбащIэ Исхьэкъми, адыгэ жылэр добжьыфIэ, икIи и гуащIэр мыкIуэщIу, и къалэмыр мыубзэщхъуу ди япэ иджыри илъэс Iэджэ кIэ итыну ди гуапэщ», - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

ДАХ-м хэтхэм къабгъэдэкIыу тхакIуэшхуэм хъуэхъу псалъэкIэ зыхуигъэзащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**. Абы и псалъэм къызэрыхэщамкIэ, зи цIэр дахэкIэ къраIуэ нэхъыжьыфIым и гуащIэдэкIыр къыпхуэмылъытэну инщ. «Къэхъугъэ дахэм адыгэхэр ирогушхуэ, зи зэфIэкIыр лъагэ тхьэмадэм къыхуащIа гулъытэм узэщIеIэтэ. Исхьэкъ и къарур, Тхьэм и фIыщIэкIэ, илъщ. Абы «IэфIымрэ дыджымрэ» зыфIища, и гъащIэм къыщекIуэкIахэр тегъэщIапIэ зыхуищIа романыр иджы дыдэ дунейм къытехьащ, и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса, том 27-м ныззэрыхьэс тхылъ зэужьи къыдэкIащ. Зы цIыху къарукIэ апхуэдиз фIыгъуэр узыщыщ лъэпкъым хуэпщIэныр лэжьыгъэшхуэщ. Жьыщхьэ махуэ ухъу, узыншэу ди япэ Тхьэм уригъэт!» - ехъуэхъуащ нэхъыжьыфIым гуапэу ХьэфIыцIэр.

АдэкIэ псалъэм къыпызыща Сэхъурокъуэм и къэпсэлъэныгъэм ДАХ-м зэфIигъэкIа лэжьыгъэм, къыхилъхьа жэрдэмхэм я гугъу щищIащ. ПсалъэмакЪыр видеотеплъэгъуэхэмкIэ щIигъэбыдыхьыжурэ, Хьэутий тепсэлъыхьыжащ ДАХ-р 2023 гъэм и фокIадэ - дыгъэгъазэ мазэхэм зыхэта Iуэхухэм. Апхуэдэу Сэхъурокъуэм къыхигъэщащ Урысейм щызэхаша зэIущIэ зыбжанэм ДАХ-р зэрыхэтар.

- УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советым и зэIущIэм, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я ассамблеем и щIэнIуатэм, «Жылагъуэ» урысейпсо пэхуэщIэм и зэхуэсым дыхэтащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Ди къуэш республикэхэм

Федеральнэ ахъшэкIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Урысейм и щIыналъэ зыбжанэм я къуажэхэм, къалэ теплъэ зиIэхэм, апхуэдэуи къалэ мыинхэм узыншагъэр хъумэным щыкIэлъыплъ я пэщIэдзэ IэнатIэхэм зегъэужьыным трагъэкIуэдэну мылъкум хущIагъунущ. Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил Iэ щIидзащ абыхэм сом мелуан 850-м щIигъу яхухэхыным теухуа унафэм. Къэрэшей-Шэрджэсри ящыщщ абы хагъэхьа и щIыналъэ 14-м.***

- ФЕДЕРАЛЬНЭ ахъшэмкIэ къэтщэхунущ медицинэ Iэмэпсымэхэр, зэIэзапхъэхэр сымаджэщхэм зэрашэну, дохутырхэр ираджэмэ, зэрыкIуэну автомашинэхэр, абы мыхьэнэшхуэ иIэщ щIыпIэ пхыдзахэм щыпсэухэм я дежкIэ, - къет КъШР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм.

Къыхэгъэщыпхъэщ 2024 гъэм тещIыхьа къэрал бюджетым узыншагъэр хъумэным епха пэщIэдзэ IэнатIэхэм зегъэужьыным сом мелард 80 хухахыну зэрамурадыр.

Зэрызэдэлэжьэну унэтIыныгъэхэр

АДЫГЕЙ. ***Мейкъуапэ лэжьыгъэ Iуэхукlэ щызэхуэзащ Урысейм и ЩIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и республикэ щIыналъэ къудамэм и унафэщIымрэ Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум щIыпIэм щиIэ управленэм и щIалэгъуалэ советым щыщхэмрэ.***

АБЫ унафэ къыщащтащ лъэныкъуэхэм я зэпыщIэныгъэр кIыхьу зэрыщытынум теухуауэ. Зэрызаужьыну щIыкIэр, зэрызэдэлэжьэну унэтIыныгъэхэр щаубзыхуащ. Мы зэIущIэм и фIыгъэкIэ лъэныкъуитIми Iэмал ягъуэтащ акцэ зэхуэмыдэхэм хэтыну.

«Зэхуэзэм хэтахэм къыхагъэщащ егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, спорт Iуэхухэм зэщIыгъуу щызэдэлэжьэну зэрыхьэзырыр», - къет Адыгэ Республикэм щыIэ УФССП-м и пресс-IуэхущIапIэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ДызыщыгуфIыкIыжын фIыгъуэхэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Абы къищынэмыщIауэ, Мэздэгу Адыгэ Хасэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 зэрырикъум и щIыхькIэ ирагъэкIуэкIа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм, «Лъэпкъ щэнхабзэхэм я гъэлъэгъуэныгъэм» зредгъэхьэлIащ, «Къуэшыныгъэ» пэхуэщIэми ди Iыхьэ хэтлъхьащ, лъэпкъ фащэм, ныпым, тхыбзэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэм жыджэру дыхэлэжьащ. Дэтхэнэ зы Iуэхуми мыхьэнэ еттащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэ зыхэтщIэрт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ къэрал IуэхущIапIэхэмрэ къызэрагъэпэщ зэхыхьэхэм дахыхьэмэ, дыщIэлажьэ лъэпкъым и пщIэр къэIэта зэрыхъунур, къыхуащI гулъытэм зэрыхэхъуэнур. Гуапэ тщымыхъуу къэнакъым Урысей реестрым и къулыкъущIапIэм и ЩIыхь тхылъым ДАХ-м и цIэр зэрихуар, жылагъуэ зэгухьэныгъэ нэхъыфI дыдэхэм дащыщу дыкъызэрилъытар. Мы Iуэхугъуэм ДАХ-мкIэ тхьы пщэдэкIыжыр зэрыиныр зыхыдегъащIэ, нэхъыбэж къызэрытпэщылъым дрегъэгупсыс, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

ДАХ-м и тхьэмадэм Адыгэ Хасэхэм я унафэщIхэм псалъэ яритри, щхьэж и щIыпIэм щригъэкIуэкI лэжьыгъэм тригъэпсэлъыхьащ, хузэфIэкIамрэ зыхунэмысамрэ я гугъу иригъэщIащ. Апхуэдэу я Iуэху къызэрекIуэкIым тепсэлъыхьащ Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Мэздэгу щыIэ хасэхэм я тхьэмадэхэр.

БлэкIа мазищым къриубыдэу ДАХ-р зыхэта Iуэхугъуэхэм тепсэлъыхьа нэужь, Сэхъурокъуэ Хьэутий къыхигъэщащ лъэпкъым ифI зыхэлъ сыт хуэдэ лэжьыгъэми Iэмал хэлъхьэн икIи гъуэгу етын зэрыхуейр, ауэ и бзэмрэ и хабзэмрэ хъумэным хуэунэтIауэ щыIэ жэрдэмхэм япэ игъэщыпхъэ зэрыщымыIэр.

- Адыгэр лъэпкъыу къызэтезынэнур и анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъыщхьэр зы къуэпсу зэзышэлIэж хабзэмрэщ. Къэралым къыдит Iэмалхэри, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я къарури хэтлъхьэу ахэр тхъумэн хуейщ. Ауэ хъумэн къудейкIэ ди къалэнхэр зэфIэкIыркъым, ахэр едгъэфIэкIуэну икIи зедгъэужьыну хьэкъ диIэщ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, илъэс зыбжанэ хъуауэ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ и министерствэм Iэмалыф I къыдет бзэр зэзыгъэщIэну хуейхэм ар пэIудзауэ къахуззэыгъэпэщ курсхэр едгъэкIуэкIыну, абыхэм хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр къыхэтшэну. Сызытепсэлъыхьыр адыгэбзэм и закъуэкъым, а курсхэм щызэбгъэщIэфынущ урысыбзэри. Мы жэрдэмым зегъэубгъун хуей фIэкIа, щыщIэныгъэ иIэкъым, щIэупщIэшхуэ ягъуэтащ, къыхыхьэхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми хохъуэ, - жиIащ тхьэмадэм.

АдэкIэ псалъэмакъым къыпищащ Гъэзэщ IакIуэ гупым хэт, ДАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэ **Щоджэн Iэминат**. Ар тепсэлъыхьащ ДАХ-мрэ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ и министерствэмрэ я жэрдэмкIэ, хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм тхьэмахуэм къыхэхуэ зыгъэпсэхугъуэ махуэм къищынэмыщIауэ онлайн-еджэныгъэхэр зэрыдрагъэкIуэкIым. «Адыгэбзэр пэIудзауэ егъэджыным хуэунэтIа курсхэр къызэгъэпэщыныр икIи егъэкIуэкIыныр ди хасэ лэжьыгъэхэм къызэрыхыхьэрэ илъэситху мэхъу. ЗэрыфщIэщи, мыр зэпымыуэ екIуэкI Iуэхугъуэщ. Ди курсхэм къыхохьэ Тыркум, Иорданием, Мысырым, Германием, Венгрием, Финляндием, Австрием, Канадэм щыпсэу адыгэхэр. Къыхэзгъэщыну сыхуейт адыгэбзэ икIи урысыбзэ курсхэм къыхыхьэхэм еджэкIэрэ тхэкIэрэ зэрызрагъэщIар, макъхэр щыуагъэ къыхэмыкIыу къагъэIуфу зэрызрагъэсар. ДяпэкIи, дызытехьэ илъэсыщIэм и щIышылэ мазэм, а курсхэм къыпытщэжынущ. Лэжьыгъэр зэщIэзыгъэуIуэ зэхуэсыр едгъэкIуэкIащ, щIэуэ зэхэтшэ курсхэм щеджэнухэр догъэнаIуэ. Къыхыхьэну хуейхэм я гукъыдэжым уеплъмэ, егъэджэныгъэ лэжьыгъэр зэрымыужьыхынур, абыхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэнур хьэкъщ, дэри тхузэфIэкI къэдгъэнэнукъым а Iуэхур зэблэмыун папщIэ. Апхуэдэу къыхэзгъэщынуну сыхуейт дызэрылажьэ программэхэр хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм тынш къазэрыщыхъур, бзэр зэзыгъэщIэну хуейхэм ар щхьэпэ яхуэхъуну къызэралъытэр», - жиIащ Щоджэн Iэминат.

Хамэ щIыпIэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр зэгъэуIунымкIэ, абыхэм лэжьыгъэ ядегъэкIуэкIынымкIэ хэкурысхэм яхузэфIэкI къагъанэ зэрымыхъунур абы иужькIэ Сэхъурокъуэм тригъэчыныхьу жиIащ. «Бзэм и мыхьэнэр псоми къыдгурыIуэкIэрэ лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэ зиIэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым. Псалъэм и хьэтыркIэ, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ятеухуауэ УФ-м 1999 гъэм къыщыщIэдзауэ къищта къэрал программэм ди фейдэ зыхэлъкIэ, ди Iуэхур ипэкIэ зыгъэкIуатэ и лъэныкъуэкIэ дэлэжьэн хуейщ. Псом хуэмыдэу ар теухуащ ди лъэпкъэгъухэр Хэкум къэшэжа зэрыхъунум. Дызэрыщыгъуазэщи, къэгъэзэжыным ехьэлIауэ щыIэ программэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. Ар ди Iуэхум зэрыхуэщхьэпэну щIыкIэхэр псынщIэу думыбзыхуу, щыIэ IэмалхэмкIэ ди лъэпкъэгъухэм дадэмыгуашэу хъунукъым», - жиIащ абы.

Тхьэмадэм жиIэм пэджэжу, Адыгейм щылажьэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан** программэм егъэщIылIауэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIагъэкIым, щIыналъэм ит къулыкъущIапIэхэм ялъэкI къызэрамыгъанэм и гугъу ищIащ. «Программэм къигъэув Iуэхугъуэхэр адыгэхэр щыпсэу щIыпIэ псоми зэхуэдэу щыпхуэгъэзэщIэнукъым. ЩIыпIэ къэс езым унейуэ зы щытыкIэ иIэжщ, и жылагъуэ-экономикэ псэукIэм елъытауэ. Узыхуеймрэ узыхуэныкъуэмрэ тегъэщIауэ программэм фейдэ къыхэпх хъунущ. Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр дэ къызэретшэлIэжыфыр ди щIыналъэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэм ехьэлIа Iуэхур тегъэщIапIэ тщIыкIэращ. Ар, псалъэм и хьэтыркIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ дыдэу щыпхымыкIынкIи хъунущ. Щхьэж и щытыкIэ елъытащ. Программэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэщIэхэр джын хуейуэ къытпщэлъщ», - жиIащ ЛIымыщэкъуэм.

Сэхъурокъуэр арэзы техъуащ къэрал программэм и гъэзэщIэкIэр щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ зэрыщызэщхьэщыкIынкIэ хъунум теухуауэ Рэмэзан жиIахэм. «Мы къалэныр зи пщэ дэлъ къудамэм, ДАХ-м хэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм абы ехьэлIауэ щыIэ гупсысэхэр зэпалъыту икIи къалэн пыухыкIахэр зэгъэуIуауэ тхылъ ягъэхьэзыру, къыкIэлъыкIуэ зэIущIэм къыщыхалъхьэну пщэрылъ ящызощI», - жиIащ тхьэмадэм. Апхуэдэу Сэхъурокъуэм къыхилъхьащ «Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ 2023 - 2025 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къэгъэIэпхъуэжынымкIэ ядэIэпыкъун» къэрал программэми ДАХ-р жыджэру хэтыну, псом хуэмыдэу хамэ щIыпIэхэм къикIауэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэту Хэкум щыIэ адыгэ ныбжьыщIэхэр абы къэрашэлIэну.

Гъэмахуэм Налшык къалэ щекIуэкIа Зэхуэсышхуэм КАФФЕД-р ДАХ-м зэрыхэтым теухуауэ унафэр къащта нэужь, Тыркуми Иорданиеми щыIэ Адыгэ Хасэхэм я Хасащхьэм и тхьэмадэхэр хэхыным хуэгъэза зэхуэсхэр щекIуэкIащ. ЩIэуэ хаха тхьэмадэхэр ДАХ-м и Гъэзэщ IакIуэ гупым и лэжьыгъэм жыджэру хэтащ. КАФФЕД-м и унафэщI гупым я пашэ хъуар бжьэдыгъу адыгэхэм ящыщ Хьэлауэ Улучай Юналщ, Иордание Адыгэ Хасэм хахари бжьэдыгъу щIалэщ - Хьэлащтэ Ибрэхьим Исхьэкъатщ. Ахэр Сэхъурокъуэ Хьэутий зэIущIэм хэтхэм нэIуасэ яхуищIащ, щхьэж и лэжьыгъэкIэ, адыгэ дунейм къызэрыщацIыху и лъэныкъуэкIэ яхутепсэлъыхьащ. Хасэхэм щIэуэ теува тхьэмадэхэм псоми фIыщIэ хуащIащ, икIи, я фIэхъус псалъэм къызэрыхэщамкIэ, я лэжьыгъэр зэрыщыту ХэкумкIэ къэгъэзауэ, анэдэлъхубзэр щIэблэм егъэщIэным теухуа Iуэхухэм ешэлIауэ зэрыщытынур къыхагъэщащ. «ХамэщI щыпсэу адыгэхэр Хэкум пэIэщIэми, я щыIэныгъэр абы быдэу епхащ, зэпэIэщIэ хъункIи Iэмал иIэкъым. Дэ сыт щыгъуи дызэгъусэн, ди мурадхэмкIэ дызэлъэIэсу, ди ехъулIэныгъэхэмкIэ дызэрыщIэу, ди гумэщIыгъуэхэр зэдэдгуэшу дыщытыпхъэщ. НэгъуэщI гъуэгур пхэнжщ, кIуэдыпIэм уизышэщ. Тыркуми Урысейми щыпсэу адыгэхэр дунейм къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэм набдзэгубдзаплъэу дакIэлъоплъ, ауэ дэ а псом я ягъэ къызэрыдэмыкIыным, ди лъэпкъым ифI зыхэлъ къызэрыхэтхыным дыхущIэкъун хуейуэ пщэрылъ диIэщ. КАФФЕД-м и пашэу щыта Мамхэгъ Илдыз Хэкуми, хамэщI щыпсэу адыгэхэми ятеухуауэ иригъэкIуэкIа политикэм дытетынущ икIи къыпыдгъэхъуэнущ. Iуэху дахэ куэдкIэ дызэлъэIэсыну дыщогугъ», - жиIащ Хьэлауэ Юнал.

Тхьэмадэхэр зыпэрыува IэнатIэм ехъулIэну, зэгурыIуэу зэдэлэжьэну ехъуэхъуа нэужь, Сэхъурокъуэм ДАХ-м иригъэкIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэр абы иужькIэ къытеувэнухэми, адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я тхыдэр зыджынухэми я дежкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу зэрыщытыр къыхигъэщащ. «Адыгэ Хасэхэм къызэрагъэпэщ дэтхэнэ Iуэхугъуэри тхылъымпIэм къинэн хуейщ. Абы къыхэкIыу дэ мурад тщIащ «ЦIыхубэ дипломатиемрэ жылагъуэмрэ» зыфIэтща къыдэкIыгъуэм ДАХ-м и Iуэхухэр зэрекIуэкIыр къызэщIедгъэубыдэну. Тхылъыр гъэхьэзырыныр и пщэ дыдолъхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд икIи ди фIэщ мэхъу ар абы зыхуей зэрыхуигъэзэнур. Тхылъым щхьэкIэ зыхуеину сурэтхэмрэ тхыгъэхэмрэ пIалъэ кIэщIым къриубыдэу къевгъэхьыну хасэ тхьэмадэхэм пщэрылъ фщызощI», - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Гъэзэщ IакIуэ гупым хэтхэр арэзы техъуэу екIуэкIа псалъэмакъыр щиухым, Хасащхьэм и зэIущIэри и кIэм щынэблагъэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ЩIыхь тхылъхэр Сэхъурокъуэ Хьэутий яхуигъэфэщащ я къару емыблэжу лъэпкъым, жылэм, цIыхубэм яхуэлажьэхэм. Апхуэдэу, зи цIэ къраIуахэм ящыщщ КъБР-м и радиом илъэс Iэджэ хъуауэ щылажьэ Тэтрокъуэ Астемыр, Хьэмту Къадир, Мыз Ахьмэд сымэ. Апхуэдэу зи цIэ къраIуахэм ящыщщ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Зумакулов Борис, хабзэхъумэ IэнатIэм гуащIафIэу щылажьэ Тембот Артур, Вэрокъуэ Владимир и цIэр зэрихьэу щыIэ ЩэнхабзэмкIэ фондым и унафэщI Мэкъуауэ Лиуазэ сымэ.

ЗэIущIэр щызэхуищIыжым, Сэхъурокъуэ Хьэутий абы хэтахэм узыншагъэ быдэ яIэну ехъуэхъуащ, сыт хуэдэ Iуэхуми шыIэныгъэрэ тэмакъкIыхьагъкIэ бгъэдыхьэну къыхуриджащ.

- Дэ фIым дыщогугъ. Армырмэ, улэжьэфынкIэ, ипэкIэ укIуэтэфынкIэ Iэмал иIэкъым. Зи ужь дит Iуэхугъуэхэм гугъуехь куэд япыщIами, иужькIэ дызыщыгуфIыкIыжын фIыгъуэ Iэджэ хэлъщи, ди Iуэхухэр ипэкIэ кIуэтэну, абыхэм хьер куэд яхэтлъагъуэну си гуапэщ, - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.

Мамырыгъэр къытхуэзыхьахэр

Дыгъэгъазэм и 9-м Урысейм щагъэлъэпIащ Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэр. Налшык къалэм и «МафIэ мыужьых» фэеплъым деж пэкIу щекIуэкIащ, удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ захуигъэзащ Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэуэзэда Къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ советым и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа**.

Ар тепсэлъыхьащ Хэкур зыхъумэхэм къэралым яхуищIу щыта гулъытэмрэ яхуигъэфэща дамыгъэхэмрэ. Нэхъыжьым къыхигъэщащ СССР-м и Гъэзэщ IакIуэ комитетым и совет нэхъыщхьэм 1934 гъэм мэлыжьыхьым и 16-м къыдигъэкIа унафэм тету, «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр ягъэувауэ зэрыщытар, япэ дыдэу ар «Челюскин» кхъухьыр щыщIилъафэм абы исахэр къезыгъэлауэ щыта кхъухьлъатэзехуэу 7-м зэрыхуагъэфэщар. Абы и ужькIэ, илъэситху дэкIа нэужь, «Вагъуэ Плъыжь» медалыр къыдагъэкIат. Абдуллаевыр къытеувыIащ Хэку зауэшхуэр зэрекIуэкIа щIыкIэм, ди зауэлIхэм зэрахьа лIыгъэм.

- Ди тхыдэр къулейщ лIыхъужьхэмкIэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм совет цIыхубэм къигъэлъэгъуа лIыгъэм хуэдэ гъуэтыгъуейщ. ЗэрыфщIэщи, Гитлер и псалъэм епцIыжри, къыттеуат. Хэку зауэшхуэм ди къэралым и цIыху куэд хэкIуадэрт, ауэ цIыхубэр зэи къикIуэтакъым, абы фашизмэр игъэкIуэдыжыфащ, - жиIащ Абдуллаевым. - ИлъэситхукIэ екIуэкIа лъыгъажэр зи натIэ хъуахэм ящыщу «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр хуагъэфэщауэ щытащ цIыху 11 657-м. Абыхэм ящыщу цIыху 3051-р хэкIуэдауэ. 1941 - 1945 гъэхэм къриубыдэу, Дзэ Плъыжьым хэтащ бзылъхугъэу мин 800-м къыщыщIэдзауэ зы мелуаным нэс. «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр зыхуагъэфэща цIыхубзхэр 90-м нэблагъэрт (49-р хэкIуэдауэ). «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэр къэралым хуигъэфэщауэ щытащ цIыху 20613-м, абыхэм ящыщу 201-м - тIэунейрэ. Мис апхуэдэ бжыгъэхэмкIэ къулейщ ди тхыдэр. Нобэ дигу къыдогъэкIыж ди лIыхъужьхэр, абыхэм я лIыгъэр уахътыншэщ. Дэ ди къалэнщ ди щIыналъэм мамырыгъэр щытхъумэну, ар ди адэжьхэм я фэеплъу едгъэфIэкIуэну. Сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиIэну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Хэкум и хъумакIуэхэр

ЛIыхъужьу къалъхуркъым

Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэм ирихьэлIэу, Налшык къалэм дэт курыт еджапIэ №16-м «ЛIыхъужьым и партэ» къыщызэIуахащ, школыр къэзыуха, дзэм къулыкъу щищIэу хэкIуэда Кучменов Таубий Ибрэхьим и къуэм и щIыхькIэ.

2022 гъэм и гъатхэпэм Запорожье щIыналъэм и къалэныр щигъэзащIэу хэкIуэда щIалэм и ныбжьыр илъэс 28-рэ къудейт, абы УФ-м и Президентым и УнафэкIэ къыхуагъэфэщащ ЛIыхъужьыгъэ орденыр.

«ЛIыхъужьым и партэ» урысейпсо егъэджэныгъэ Iуэхум хыхьэу, къэралым и школхэм къыщызэрагъэпэщ партэхэм лIыхъужьым и сурэтрэ абы зэрихьа лIыгъэм теухуа тхыгъэ кIэщIрэ тетхауэ ягъэхьэзыр. Апхуэдэ партэм дагъэтIысхьэр егъэджэныгъэм ехъулIэныгъэ къыщызыгъэлъагъуэ, школым щекIуэкI Iуэхухэм жыджэру хэт еджакIуэхэрщ. Къыхэгъэщыпхъэщ, мыпхуэдэ Iуэхур щIэблэр хэкупсэу, я къэралыр, къыщалъхуа щIыпIэр фIыуэ ялъагъуу, абы ирипагэу къэгъэхъуным, Iыхьлыхэм, унагъуэм, гъунэгъум пщIэ хуегъэщIыным зэрыхуэунэтIар.

- Таубий ди нэIэм щIэту къэхъуащ. ЦIыху пэжу, гущIэгъулыуэ сыт щыгъуи щытащ. И псэугъуэт, ауэ гъащIэ кIэщI хъуащ. Ар и тхьэрыIуэм тетащ - дунейр мамыру щытыным, ди къэкIуэнур шынагъуэншэ хъуным и псэр щIитри, - къыхигъэщащ курыт еджапIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Хуламхановэ Юлэ. Абы ныбжьыщIэхэр къыхуриджащ лIыхъужьыр зыщамыгъэгъупщэну, ирипагэну, щапхъэ яхуэхъуну.

Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Хур Тимур жиIащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам лIыгъэ зезыхьэу щыIэхэм Таубий зэращыщыр.

Федеральнэ казначействэм КъБР-м щиIэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Ахъсор Мухьэмэд IуэхущIапIэм къыбгъэдэкIыу лIыхъужьым и адэ-анэм, Iыхьлыхэм, ар езыгъэджахэм фIыщIэ яхуищIащ Таубий жэуаплыныгъэ хэлъу, хэкупсэу зэрагъэсам папщIэ.

- Ди къуажэм, республикэм и къуэ пажэхэм уззэрырипагэнщ. Хэкур фIыуэ лъагъунымрэ ар хъумэнымрэ и щапхъэщ Таубий и лIыгъэр. ЩIалэр зыцIыхуахэм зэи ар ди гум ихунукъым, - жиIащ Хьэсэней къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэ Азаматов Къайсын.

ЛIыхъужьым теухуа гукъэкIыжхэмкIэ къызэхуэсахэм ядэгуэшащ ОБЖ-мкIэ и егъэджакIуэ Кучмезов Абдулмуталифрэ зауэлIым и лэжьэгъу ГъущIапщэ Щамилрэ.

Карабах щекIуэкIа Iуэхухэм хэта, и ныбжьыр илъэс 60 зэрыхъуами емылъытауэ, СВО-м щыIа Кучменов Мухътар жиIащ: «Ди щIалэгъуалэр къарууншэу, щабэу жаIэми, сэ си нитIкIэ зауэ IэнатIэм щызгъэунэхуащ ар зэрыпцIыр, - жиIащ абы. - Таубий хуэдэ щIалэхэр ди куэдщ, абыхэм яхузэфIэкIынущ ди Хэкур яхъумэну. Сэ слъэгъуащ ди щIалэщIэхэм щытIхэр къызэратIыр, бийр зэраIыгъыр, техникэр къызэрагъауэр... А псор щIащIэр ди сабийхэр насыпыфIэу, гуфIэ-гушхуэу псэун папщIэщ. Аращ ди щIалэхэм я псэр щIатар».

Кучменов Таубий и фэеплъу къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ щыму щытащ. Абы и цIэкIэ ягъэува партэм япэу дагъэтIысхьащ школ, къалэ олимпиадэхэм къыхэжаныкI Ульбашевэ Софьерэ (10-нэ класс), Баккуев Аланрэ (11-нэ класс).

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Псапэ

ИлъэсыщIэм и пэ къихуэу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт ветеранхэр къэблэгъа ИлъэсыщIэм и пэ къихуэ тыгъэ гуапэкIэ ягъэгуфIащ. НэхъыжьыIуэхэм ящыщ куэдым иджыблагъэ яIэрыхьащ ерыскъы зэмылIэужьыгъуэхэр, щIэщыгъуэхэр куэду зэхэлъ хъуржынхэр. Апхуэдэ гуапагъэр къыбгъэдэкIащ Урысей Федерацэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, абы ди республикэм щиIэ щIыналъэ къудамэм и унафэщIым яхуигъэхьа дэфтэрым ипкъ иткIэ.

- ИЛЪЭСЫЩIЭМ ипэ къихуэ апхуэдэ гулъытэр гуапэ ящыхъуащ ди зэгухьэныгъэм хэт нэхъыжьхэм. АбыкIэ хъыбар къыдагъащIэу, фIыщIэ псалъэхэр я куэду къопсалъэ ди ветеранхэр ди деж, - жеIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч. – МызыгъуэгукIэ ди гулъытэ зылъэдгъэIэсыфар абы нэхъ хуэныкъуэу къэтлъыта цIыху зыбжанэращ. А лэжьыгъэм дяпэкIи зедгъэужьыну ди мурадщ.

Зэгухьэныгъэм и пашэм зэрыжиIэмкIэ, мыбдеж псом нэхърэ нэхъыщхьэр уеблэмэ а хъуржынхэм ярылъ ерыскъыхэкIхэракъым, атIэ зи IэнатIэр илъэс куэдкIэ хьэлэлу езыхьэкIа нэхъыжьхэр, нобэ лэжьыгъэм пэрымытыжми, Журналистхэм я союзым къыбгъэдэкI гулъытэрэ гуапагъэрэ щымыгъэщIэнырщ, абыхэм я пщIэр жылагъуэм къыщыIэтынырщ.

Къыхэдгъэщынщи, Урысей Федерацэм и Журналистхэм я союзым ерыскъыхэкIхэр щызэхуэхьэса апхуэдэ хъуржынхэмкIэ зэгухьэныгъэм хэт ветеранхэм защIигъэкъуэн щIидзауэ щытащ коронавирус узыфэ зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэр къежьэу щIыналъэ куэдым зыщыщиубгъуа 2020 гъэм щегъэжьауэ. Узыфэр тщхьэщыкIами, зэгухьэныгъэм и унафэщIхэм мурад ящIащ яубла псапащIэ Iуэху дахэр адэкIи зэпамыгъэуну.

ИлъэсыщIэ тыгъэ гуапэр «Урысей пощт» IэнатIэм и IуэхущIапIэхэм ягъэхьри абы и лIыкIуэхэм ахэр зыхуэгъэзахэм я унэ хуахьыжащ. Ветеранхэр хуабжьу щогуфIыкI апхуэдэ гулъытэм (хъуржыным илъ ерыскъыхэм я хьэлъагъыр псори зэхэту килограмми 7-м нос) икIи фIыщIэ хуащI а жэрдэмыр къызыбгъэдэкIа, зыгъэзэщIа псоми.

ТАМБИЙ Линэ.

Сом мелуани 6,5-м щIигъу

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм экономикэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэм пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ «Дар» ООО-м и генеральнэ унафэщI Керменов А. А. зэрихьэ хабзэншагъэр. Ар пыщIащ бюджет ахъшэшхуэ зыкIэщIэупщIэным.

ЗИ ЦIЭ къитIуам 2015 - 2017 гъэхэм, хъыбар нэпцIхэр къыщигъэлъэгъуахэр и лъабжьэу, субсидие кърататщ Iэщ гъэхъуным ехьэлIа Iуэхухэр игъэкIуэтэфын, апхуэдэуи лэжьакIуэ къищтэхэр я IэщIагъэм хуегъэджэным тригъэкIуадэхэр къыIэрыхьэжын папщIэ. Апхуэдэ хабзэншагъэм къриIуащ сом мелуани 6,5-м щIигъу хэщIыныгъэ.

КъБР-м и Суд нэхъыщхьэм и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ, Керменов А. А. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр зэрилэжьамкIэ. Абы илъэсищ щигъэкIуэнущ тезырыр щапшыныж колонием.

Ди щIыналъэм и пхъэщхьэмыщхьэ бэгъуар

Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн Мэзкуу къалэм и ВДНХ-м мы махуэхэм щекIуэкI «Урысей» лъэпкъыбзэ гъэлъэгъуэныгъэм иджыблагъэ щыжиIащ дызэрыт илъэсым къриубыдэу республикэм и жыгхадэгъэкIхэм, япэм зэи къэмыхъуауэ, пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэрэ зэхэту тонн мин 700-м щIигъу къызэрырахьэлIэжар. Къэбгъэлъагъуэмэ, къэралым псори зэхэту щыIуахыжам и процент 16 ар мэхъу. Республикэм гулъытэ хэха хуещI жыг хадэщIэхэм щIыналъэм зыщегъэубгъуным икIи абы ехьэлIауэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирагъэкIуэкI.

«ИЛЪЭСЫБЭ пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмрэ мы гъэм едгъэубыдащ гектар мин 1-м нэхърэ нэхъыбэ. Абы нэмыщI, питомникхэм яIыгъщ гектари 150-м нэблагъэ. ФIагъ лъагэ зэраIэм щыхьэт техъуэ сертификатхэр яIэу республикэр зыхурикъуным хуэдиз жыгыщIэхэр, ику иту мелуани 2,8-м нэблагъэ, илъэс къэс къыдогъэкI. Зы мелуаным нэблагъэ нэгъуэщI щIыналъэхэм худогъашэ» - къыщыхигъэщащ Сыжажэ Хьэсэн, КъБР-м и Жыг хадэмрэ промышленность псынщIэмрэ я Iуэху зыIутымрэ я къэкIуэнымрэ теухуауэ ирагъэкIуэкIа «стIол хъурейм».

Илъэсыбэ пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щаубыд гектар мин 270-м щIигъу, мыIэрысэ жыг зэкIэщIэсахэм, илъэс пIалъэ кIэщIкIэ пхъэщхьэмыщхьэ къозытхэм хухахар гектар мин 23-м зэрынэхьэсащ.

Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн къызэрыхигъэщамкIэ, щIыналъэм къыщагъэкIа пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэу псори зэхэту тонн мин 500-м нэблагъэ къэралым и адрей щIыналъэхэм ирагъашэ. Ди мыIэрысэхэр дэтхэнэ зы щIыналъэми къыщацIыху, икIи ар яIэрохьэ нэхъ щIыпIэ жыжьэхэм щыпсэухэми. Псалъэм папщIэ, Красноярск крайм, Ханты-Мансийск автономнэ округым, Амур областым я цIыхухэм, апхуэдэуи лъагъэIэс Мэзкуу, Санкт-Петербург, Екатеринбург къалэхэм, нэгъуэщIхэми я сату щIапIэхэм. КъБР-м къыщагъэкIа пхъэщхьэмыщхьэхэр иджы хурагъэшэн щIадзащ Къэзахъстаным, Узбекистаным, Китайм, нэгъуэщI къэралхэми.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

УнафэщIхэм я арэзыныгъэкIэ

Чехием и унафэщIхэм я къэралым и цIыхухэм ящыщу 150-м щIигъу хуит ящIащ Украинэм IэщэкIэ зэщIэуэзэда и къарухэм яхыхьэну. Апхуэдэ хъыбарыр къитащ а къэралым щылажьэ «Idnes. czi порталым.

ЖУРНАЛИСТХЭМ къызэрагъэлъагъуэмкIэ, хуитыныгъэр къабгъэдэкIащ 2023 гъэм гъатхэпэм и 8-м президент къулыкъум текIа Земан Милоши иджыпсту Чехием и Iэтащхьэ Павел Пётри. Украинэм зэныкъуэкъур къызэрыщыхъейрэ абы и армэм хыхьэну хуейуэ Чехием и цIыху 553-м я къэрал унафэщIхэм зыхуагъэзауэ щытащ. Абыхэм ящыщу цIыхухъуи 151-мрэ зы бзылъхугъэмрэ я лъэIухэр хуагъэзэщIащ.

КъищынэмыщIауэ, къыхагъэщ Чехием и гуманитар зэгухьэныгъэхэм жыджэру Украинэм зэрызыщIагъакъуэр. Къапщтэмэ, дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэхэм езым я жэрдэмкIэ кIуэну хуей медицинэ IэщIагъэлIхэм ахэр сэбэп яхуэхъуащ. НаIуэ къызэрыхъуамкIэ, а къэралым и цIыхуищ Украинэм щекIуэкI зэныкъуэкъум хэкIуэдащ.

ДэIэпыкъуэгъу яхуэхъунущ

Урысейм и Президент Путин Владимиррэ Израилым и премьер-министр Нетаньяху Биньяминрэ телефонкIэ зэрызэпсалъам и хъыбарыр Кремлым и сайтым къралъхьащ. Нэхъыщхьэу псалъэмакъыр зытеухуауэ щытар Газэ секторым щыIэ щытыкIэрщ.

УФ-м и Iэтащхьэм жиIащ Израилымрэ Палестинэмрэ яку къыдэхъуа зэныкъуэкъум теухуауэ нэхъапэкIэ къигъэлъагъуауэ щыта и еплъыкIэр зэримыхъуэжар икIи къыхигъэщащ Урысейм терроризмэм бгъэдыхьэкIэ пыухыкIа зэрыхуиIэр, абы и сыт хуэдэ лIэужьыгъуэри гущIэгъуншагъэшхуэ зыхэлъ щIэпхъаджагъэу къызэрилъытэр. Абы къыдэкIуэуи Путин Владимир къигъэлъэгъуащ терроризмэм пэщIэтыным, абы жэуап етыжыным кърикIуэ Iуэхугъуэхэр цIыху мамырхэм я гъащIэкIэ шынагъуэншэу зэрыщытыпхъэр.

Къэрал унафэщIхэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ Палестинэм и щIыналъэм цIыхухэр къигъэIэпыхъукIынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм. «Урысейр хьэзырщ цIыху мамырхэм ятелъ хьэзабыр ящигъэпсынщIэн, лъэныкъуитIым яку къыдэхъуа зэныкъуэкъур ужьыхын папщIэ сыт и лъэныкъуэкIи защIигъэкъуэну», - жиIащ Путин Владимир.

Дыгъэгъазэм и 14, *махуэку*

♦**1695 гъэм** къэралым и пащтыхь Пётр Езанэм къыхилъхьэри, адыгэпщ Черкасский Михаил Алигъуокъуэ и къуэр Урысейм и генералиссимусу хахат.

♦**1816 гъэм** къалъхуащ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр щIэныгъэм тету джыным япэу зезыпщытахэм ящыщ, адыгэбзэм, абхъазыбзэм, шэшэныбзэм я алфавит зэхэзылъхьа **Услар Пётр**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ дирижёр, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бекъул Леонид**.

♦**УФ-м и Дзэ-хьэрш къарухэм я Радиотехникэ дзэхэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**

♦**Зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда журналистхэм я фэеплъ махуэщ**

♦**1917 гъэм** Дзэ Плъыжьым и япэ нагъыщэр - Вагъуэ Плъыжьыр - къащтащ.

♦**1912 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБАССР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Балъкъэр Мыхьэмэт**.

♦**1922 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, публицист **Джэдгъэф Аслъэмырзэ**.

♦**1925 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мамбэт Хьэлым**.

♦**1928 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Дзу Iэбубэчыр**.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Ло Инал**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ УФ-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КъБР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэзан Аслъэнджэрий**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Мыз Майе**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 15, *мэрем*

♦**Шейм и дунейпсо махуэщ**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 1 - 4, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

И псалъэ нахуэщ, и Iуэху пэжщ.

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Гъэм и зыгъэзэгъуэ

● Махуэгъэпс

Адыгэхэм дызэрыт мазэм хуабжьу шэрыуэу фIащащ Дыгъэгъазэ. Мыбы и махуэ тIощI-рэ езанэр илъэсым и махуэ нэхъ кIэщI дыдэщ. Абдеж зыщегъазэри, дыгъэр и нэхъ кIыхьыгъуэм, гъатхэм, дунейм и щIэрэщIэгъуэм хуокIуэ. Дауи, ар абы псынщIэу нэсыркъым: дэ иджыри къытпэщылъщ щIымахуэм и тхыцIэ щIышылэри, нэхъ зызымыгъэтIасхъэ мазаери, ауэ нэхъыщхьэр гъуэгу утехьэнырщ...

АтIэ сыткIэ ди тхыдэм хэлIыфIыхьа ар?

КъыщыщIэддзэнщ дыгъэгъазэм и 5-м. 1977 гъэр къэсыху ар Конституцэм и махуэу, къэрал гуфIэгъуэу щытащ. ХьэрфышхуэкIэ къегъэжьауэ ятхырт икIи зыгъэпсэхугъуэт. А махуэм егъэщIылIауэ зэхыхьэхэр, нэгузегъэужь Iуэхухэр ирагъэкIуэкIырт.

Нэгъэсат, ауэ кIэухтэкъым

Сыту псынщIэу зихъуэжрэ зэманым! Абы къыдэкIуэу цIыхухэм я фIэщхъуныгъэм. Дыгъуасэ тхьэ щIэтIуэну щытар нобэ нэпцIу къыщIедзыж. 1936 гъэм къащта Конституцэми къыщыщIар аращ. Ар икIи «Сталиным и Конституцэуи» къалъытэу щытащ: жаIэжырт нэгъуэщI хэмыту езым и IэкIэ итхауэ. Абы и пэжагъым дэ щыхьэт дытехъуэфынукъым, ауэ шэч зыхэмылъщ и купщIэкIи къызэIуих хуитыныгъэхэмкIи ар а лъэхъэнэм нэгъуэщI къэралхэм яIа апхуэдэ дэфтэрхэм зыкъомкIэ ефIэкIыу зэрыщытар. Демократие хабзэ хэIэтыкIахэм къадэкIуэу, абы игъэувырт сыхьэти 8 фIэкIа мыхъу лэжьэгъуэ махуэ. АбыкIэ зыщытхъужыфынутэкъым сыт щыгъуи ди нэкъуэкъуэгъу КъухьэпIэр. КонституцэщIэм зэхъуэкIыныгъэ инхэр хилъхьащ СССР-м и къэрал ухуэкIэм. Иджы абы иIэт IэIэткIэ хах Совет Нэхъыщхьэ, правительствэ, суд IэнатIэ. РСФСР-м хэта Грузиер, Азербайджаныр, Армениер союз республикэ щхьэхуэ хъуахэт. Абыхэм ябгъурыуват Азие Курытым и щIыналъэхэри. Ди Къэбэрдей-Балъкъэрри яхэту автоном область зыкъомым автоном республикэм и хуитыныгъэхэр яIэжт, абыхэм я фащэ псори яIэжу. Ар, зэрыгурыIуэгъуэщи, ипэкIэ зэрыкIуэта лъэбакъуэшхуэт.

КонституцэщIэм игъэуващ СССР-м социализмэр нэгъэсауэ щытекIуауэ. Нэгъэсауэ, ауэ иджыри мыкIэухыу. Школым тхыдэмкIэ дыщезыгъаджэхэр яужь итт абы къикIыр къыдгурагъэIуэну.

Ауэ а псори нэпцIу къыщIэкIащ, коммунизмэм дыщыпсэуну дыкъызэрагугъами хуэдэу. Дэ и гугъу тщIыххэркъым зы илъэс нэхъ дэмыкIыу а къащта Конституцэм цIыхум кърита хуитыныгъэхэр нэмыукIытагъэ хэлъу хэутэн ящIын зэрыщIадзами. Залымыгъэмрэ леймрэ сыт хуэдэ хабзэми езэгъыркъым.

Москва и деж

Дыгъэгъазэм теухуа сыт хуэдэ псалъэмакъри ныкъуэ хъунущ, 1941 гъэм а мазэм Москва и деж щекIуэкIахэр къыхэдмыгъэщмэ. Зи гугъу тщIыр СССР-м и тхыдэм и дежкIэ нэхъ зэхэгъэкIыныгъэ хьэлъэ дыдэхэм ящыща лъэхъэнэрщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абы куэд тражыIыхьащ, ауэ зэи лей хъуркъым икIи нэхъапэм дызыщымыгъуэза гуэрхэр къыдощIэ.

УащхъуэдэмыщхъуэУ къызэрытеуам икIи Плъыжьыдзэр зауэм хуэмыхьэзыру къызэрыщIэкIам къыхэкIыу, фашистхэр псынщIэу къыкIуэцIрыкIащ икIи жэпуэгъуэм ди къэралым и щыхьэр Москва къекIуэлIащ - языныкъуэ щIыпIэхэм километр 80-кIэ, уеблэмэ нэхъ мащIэкIэ пэжыжьэжтэкъым. ЩытыкIэр хэплъэгъуэт. Хамэ къэрал посольствэхэр, министерствэхэр, мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI къэрал IуэхущIапIэхэр Урал ягъэIэпхъуэн хуей хъуащ.

КПСС-м и ЦК-м и Политбюром и унафэкIэ Свердловск щыхуаухуа хэщIапIэм кIуэн хуейт Совет Союзым и Iэтащхьэ Сталин Иосиф, къулыкъущIэхэм я пашэу. Гитлер пэплъэрт абы текIуэныгъэм и парад щригъэкIуэкIыну махуэр къыщысыным, хамэ къэрал политикхэм шэч къытрахьэжыртэкъым СССР-м и щыхьэрым бийр зэрыдыхьэнум. Ауэ псоми зэуэ зызэридзэкIащ. Дыдейхэр афIэкIа къикIуэтынутэкъым.

Парадыр, пэжу екIуэкIащ, ауэ Октябрь социалист революцэ Иныр илъэс 24-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ щэкIуэгъуэм и 7-м Ут Плъыжьым ирикIуар совет зауэлIхэрщ. Мыбы икIыурэ ахэр зауапIэм занщIэу Iухьэрт. Нэмыцэхэр апхуэдизкIэ губжьати, гъунэгъу аэродромхэм къилъэтыкIа кхъухьлъатэ куэд къраутIыпщащ, ауэ абы хуэхьэзыру къыщIэкIа ди къарухэм къалэ гъунэм «кIэдыкъуакъуэ» 34-рэ къыщраудыхащ, щтэри, адрейхэм ягъэзэжащ.

Фашистхэр ерыщу къебгъэрыкIуэрт, арщхьэкIэ хэпщIыкIыу ешахэт, къадэIэпыкъун пэплъэн хуей хъурт. Ар къагъэсэбэпащ. Сыбырым къикIри къэсащ IэщэхэмкIэ ирикъуу зэщIэузэда дивизэхэр. Совет тIасхъэщIэх Зорге Рихард «Япониер 1941 гъэм СССР-м и бийуэ зауэм хыхьэнукъым» псалъэхэр Токио кърitыкIа иужь, ахэр КъуэкIыпIэ гъунапкъэхэм къыIуашат. Ди къэралышхуэр Москва и къэрэгъул бжьыхьу уващ. Абы Iэмал къаритащ нэмыцэ фашистхэр ди къалащхьэм пэIэщIэ ящIыным теухуа Iуэхум яужь ихьэну.

Ауэ, фигу къэдгъэкIыжынщи, абы щыщIидзар 1941 гъэм и дыгъэгъазэм и 5-рщ.

Иджы къухьэпIэ тхыдэджхэм жаIэ нэмыцэхэр къэзыгъэувыIар езыхэр зэмыса уаер арауэ. ТегъэщIапIэ ящI Германием и етIуанэ танк армэм и унафэщI генерал Гудуиен и псалъэхэр: «Ди щIалэхэр Кремлым пивэ щефэнут, ауэ щIыIэр зэран къахуэхъуащ, уэс Iувым ди танкхэр хэнэрт, моторхэр игъэуфIынкIырт». ПцIы зэфэзэщщ икIи хузэфIэмыкIамкIэ зигъэзэхуэжын щхьэкIэ къигупсыса щхьэусыгъуэщ: фашистхэр Москва къыщебгъэрыкIуа зэманым дунейр щIыIэу щытакъым, зи гугъу ищI уаер къыщыхъуар ахэр ирахужьэжа иужьщ.

Сыт щIэуэ къыхыхьэрэ?

Иджыри къэс дэ зи гугъу тщIар дыгъэгъазэм егъэщIылIауэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэрщ. АтIэ сыт дэ абы иджы пыухыкIауэ щIэуэ къытхуихьар? Апхуэдэхэр щыIэщ икIи мащIэкъым, ауэ абыхэм къахэтхынур цIыху нэхъыбэм егъэщIылIахэрщ.

Мы мазэм куэдым пенситI иратынущ, Социальнэ ахъшэхэри аращ. Зи Iуэху къикIынур махуэ езанэм къыщыщIэдзауэ еянэр хиубыдэу ахэр зылъыс хабзэхэрщ. Ар къызыхэкIар щIышылэм и апхуэдэ зэманым банкхэри пощтхэри яхэту къэрал IуэхущIапIэхэм я нэхъыбэр зэрымылажьэрщ. Абы щыгъуэми, щIышылэм нэхъыбэнущ - абы и 1-м страховой пенсэхэм процени 7,5-кIэ хохъуэ.

Дызэрыт мазэм хуэзэ пенсэр дыгъэгъазэм и 1-м, щIышылэм ейр дыгъэгъазэм и 25-м ягуэшын щIадзэнущ.

IэнатIэ Iутхэм ящыщу епщыкIущанэ улахуэ зратынухэм я бжыгъэм хэхъуэнущ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, совет лъэхъэнэм абыкIэ ягъэпажэу щытащ зи къалэнхэр хьэлэлу зыгъэзащIэхэр. Иджырей Лэжьыгъэ кодексым апхуэдэ улахуэ лIэужьыгъуэр къыщыгъэлъэгъуакъым, ауэ я теплъэм емылъытауэ IуэхущIапIэ зыкъомым абыкIэ щахуоупсэ езыхэм къегъэщIылIа цIыхухэм. Абыхэм щапхъэ къытрахыу къыщIэкIынущ адрейхэми. Хабзэу щымытми, IуэхуфIщ.

Мы гъэм щыщIэдзауэ автомобилхэм я шэрхъхэм ятелъ хьэфэхэр щIымахуэм е гъэмахуэм тещIыхьауэ Урысейм и щIыналъэм щызэрахъуэкIын хуейкъым. Ар автомашинэхэр зейхэм я Iуэхужщ, абы щхьэкIи зыми дагъуэ къыхуищIынукъым.

● Ар зэрыщытар

Кореер тIу зэрыращIыкIар

МЫ гъэм и гъэмахуэм УФ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Шойгу Сергей КНДР-м щыIащ. Ар хэтащ «1950 - 1953 гъэхэм екIуэкIа Хэку щхьэхуитщIыжакIуэ зауэм зэрыщытекIуэрэ илъэс 70 зэрырикъур» ягъэлъапIэу а къэралым щекIуэкIа дауэдапщэхэм. 1953 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м зэращIылIауэ щытащ корее лъэпкъыр къэралитIу зэгуэзыгъэкIа мамыр зэгурыIуэныгъэр. Шойгу Сергей а къэралым зэрыкIуар КъухьэпIэм и гуапэ хъуакъым. Абы къыщалъытэ мы Iуэхур Урысейм Корее Ищхъэрэм и деж Iэщэ къыщищэхуным ехьэлIауэ. НАТО-м и дежкIэ ар къемызэгъщ. Ауэ абы зыри жиIэркъым Корее Ипщэм IэщэкIэ Украинэр зэрызэщIиузадэм теухуауэ. Хэбгъэзыхьмэ, иджы дыдэ телъыджэ сэтей къэхъуащ: а дэIэпыкъуныгъэм и лъэныкъуэкIэ Сеул етIуанэ увыпIэр иIыгъщ США-м и ужькIэ. Аращи, Сеул ищIэр къозэгъ, ауэ Пхеньян Москва къыдэIэпыкъу хъуну-къым. Уеблэмэ Вашингтон щегупсысыркъым ар зэрыделагъэм. Ауэ дэ зи гугъу тщIынур нэгъуэщIщ: зыхытIыгу нықъуэм щыпсэулъэпкъыр зэкIэщIачыныр къызыхэкIаращ.

Куэдым жаIэ зи гугъу тщIы Корее зауэр къэрал лъэщитIым - СССР-мрэ США-мрэ - я зэпэщIэувэныгъэм и Iэужьу. Ауэ ар нэсри къэсыжауэ пцIыщ. Псом хуэмыдэу СССР-м ехьэлIауэ.

1945 гъэр къэсыху Корее хытIыгу нықъуэм и тету щытащ японхэр. «Пщэдджыжь акъужь щIэщыгъуэм и къэралыр» (апхуэдэу пасэм еджэу щытащ Кореем) 1910 гъэм яубыдат Урысейм къызэрытекIуам игъэгушхуа Япониер зэрыпхъуэныгъэ гъуэгум техьа иужь. ЕтIуанэ дунейпсо зауэм Совет Союзымрэ Штат Зэгуэтхэмрэ зэрыпхъуакIуэхэр щIыналъэм ирахужащ. Абы ихьа лъэныкъуитIым я къарухэм я гъунапкъэу уващ 38-нэ параллелыр. А зэманым псоми къалъытэрт Кореер зы къэралу щытыну. АбыкIэ гугъапIэ псори щыIэт. ХытIыгу нықъуэм нэхъ зэфIэкI щызиIэр коммунистхэрт - ИщхъэрэкIи ИпщэкIи.

СССР-мрэ США-мрэ я лIыкIуэхэм, политикэ парт нэхъ инхэм я Iэтащхьэхэм я зэIущIэм щызэгурыIуахэщ хамэ къэралыдзэхэр ирашу зэрыщыту хытIыгу нықъуэм демократиер зи лъабжьэ хэхыныгъэхэр щрагъэкIуэкIыну. АрщхьэкIэ а зэгурыIуэныгъэр къызэпаудри, 1948 гъэм шыщхьэуIум и 15-м ипщэ лъэныкъуэм Корее Республикэр (мы зэманым Корее Ипщэщ) къыщызэрагъэпэщащ Нью-Йорк щыпсэуа (фегупсысыт абы!) политэмигрант Ли Сын Ман я пашэу. Апхуэдэ бзаджэнаджагъэм и жэуапу фокIадэм и 9-м къэунэхуащ Ким Ир Сен зи унафэщI КНДР-р. Иужьрейр фокIадэм и 10-м СССР-мрэ США-мрэ елъэIуащ езыхэм я дзэхэр Корее къэралитIми я щIыналъэхэм ирашыжыну.

Мыгувэу КНДР-м щекIуэкIащ нэхъапэм къызэрагъэгугъауэ щыта хэхыныгъэхэр. Абыхэм коммунистхэр щытекIуащ. ЖытIэнщи, Iэ зыIэтахэм яхэтащ Корее Ипщэм икIахэри - а зэманым къэралитIым я гъунапкъэр тыншу зэпаупщI хъурт. Дауи, ахэри къэуват коммунистхэм я телъхьэу.

Абдеж щыщIидзащ КорееитIым я зэпэщIэувэныгъэм. Абы щхьэкIэ къэмынэу советыдзэхэр къанэ щымыIэу Корее хытIыгу нықъуэм кърашыжащ 1948 гъэм и дыгъэгъазэм. АрщхьэкIэ США-м аргуэру зрилъэфыхьащ - абыхэм я къарухэр щIыналъэм ирашыжын щыщIадзар 1949 гъэм икухэрщ. Абы щыгъуэми, жыжьэ яшакъым - яубыда Японием къыщагъэувыIащ, зыгуэр къэхъумэ, занщIэу къэсын хуэдэу.

Куэдым Сталин Иосиф ягъэкъуаншэ Корее зауэр къызэрыхъеямкIэ. Ауэ ар пцIыщ: ар хуеякъым КъухьэпIэм зэрыдэлажьэр къызэпиудыну. АрщхьэкIэ США-м лъэныкъуитIыр зэпэщIигъэувэу щIидзащ. Ауэрэ Iуэхур япэщIыкIэ граждан зауэм хуэкIуащ, иужькIэ абы хэIэбащ нэгъуэщIхэр.

ИкIэм-икIэжым зауэр щагъэувыIащ щыщIидза дыдэм - 38-нэ параллелым.

Арати, Кореер зы къэралу щытыным теухуа гугъапIэр къызэтещэхащ. Хэт хилъэфар? ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Корее Ипщэм и цIыхухэр псэуныгъэкIэ куэдкIэ йофIэкI КНДР-м щыщхэм. Ар къызыхэкIар гурыIуэгъуэщ. Ауэ апхуэдэу щытакъым. Зауэр иуха иужь КНДР-м лъэщу зиужьу хуежьащ. Мыбы сыхьэти 8 фIэкIа мыхъу лэжьэгъуэ махуэ щагъэуващ, Корее Ипщэм лэжьэгъуэ махуэр 2018 гъэр къэсыху сыхьэт 12 хъууэ щыщытащ. Фегупсысыт. Корее Ипщэр псэуныгъэкIэ ипэ щIищам и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ: ар и гъунэгъум къыкIэрыхуу хуежьа иужь Iуэхум хыхьащ США-р. Вашингтон Сеул ахъшэкIэ, технологие щIэрыпсэхэмкIэ зэщIиузэдащ, ауэ абы къыщыщIидзэри Пхеньян санкцэ ткIийхэм хигъэкIакъым. ИтIани абы хигуэфакъым КНДР-р. Абы езым и политикэ ирегъэкIуэкIыж.

● ЗэIущIэхэр

Хиша лъагъуэр ягъэгъуащэркъым

Налшык къалэм щокIуэкI «Нелокальные краевые задачи и родственные проблемы математической биологии, информатики и физики» зыфIаща, махуиплIкIэ зэхэтыну VII щIэныгъэ зэIущIэшхуэр. Къэзахъстаным, Узбекистаным, Азербайджаным, Урысей Федерацэм и къалэ пхыдзахэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я щIэныгъэлIхэр зэхуашэсат ЩIДАА-р къызэзыгъэпэщауэ абы и япэ президенту щыта, совет, урысей щIэныгъэлI, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Нэхущ Iэдэм къызэралъхурэ илъэс 85-рэ щрикъу махуэм.

ХЬЭЩIЭХЭР кърагъэблэгъащ икIи псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ ЩIДАА-м и Президентым и къуэдзэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, КъБКъУ-м щIэныгъэ къэхутэныгъэхэмкIэ и проректор Хьэшыр Светланэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием математикэмрэ автоматизацэмкIэ КъБР-м щиIэ институтым и унафэщI Псху Арсен сымэ.

КъэкIуахэм къабгъэдэкIыу къэпсэлъащ Къэзахъстаным и лIыкIуэ, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Кальменов Тынысбек.

- Нэхущ Iэдэм математикэ щIэныгъэм апхуэдизкIэ хуэпэжт, хуэIэижьт, хэшыпсыхьати, зыхимыщIыкIрэ хуэмыгъэзащIэ Iуэхугъуэрэ щыIэтэкъым. Абы аспирант куэд иIащ сытым дежи, икIи зи лэжьыгъэр пхызымыгъэкIарэ емыфIэкIуарэ и гъэсэнхэм къахэкIакъым. Ар лэжьакIуэшхуэт, махуэ къэс къалэн гуэрхэр зыхуигъэувыжырти, Iуэхур нимыгъэсауэ и унэ екIуэлIэжынутэкъым, къыдэлажьэхэри апхуэдэу щигъэтынут. Ар щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ... ЦIыхугъэ, хьэл-щэн жыпIэмэ, Нэхущыр адыгэлI нэст, хабзэ хэлът, и гъэсэнхэм къащхьэщыжу, гъуэгугъэлъагъуэ Iущи яхуэхъу апхуэдэт. Iэдэм иришэжьа лэжьыгъэ гъэщIэгъуэным пытщэмэ, хиша лъагъуэр дымыгъэгъуащэу зедгъэужьмэ, ди гъэсакIуэ щэджащэм и цIэри зэи цIыхум ящыгъупщэнукъым, щIэныгъэм хуилэжьари зэи кIуэдыжынукъым. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIэр фIыкIэ дуней псом щызыгъэIуа адыгэлI нэсхэм ящыщщ Нэхущыр, - жиIащ абы.

Къэзахъстаным щыщ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Алимов Шавкат, къыщыпсэлъам, къыхигъэщащ Нэхущыр цIыху телъыджэу зэрыщытар.

- Илъэс 51-кIэ узэIэбэкIыжмэ, япэ дыдэу сыхуэзауэ щытащ сэ Iэдэм. Ар абы щыгъуэ щIэныгъэлI цIэрыIуэт. Математикэ щIэныгъэм ехьэлIауэ яхуэмыгъэзащIэ, къагурымыIуэ гуэр щыIэмэ, псори Нэхущым еупщIырт. Нэрылъагъут математикэмкIэ зэчиишхуэ зэриIэр, уеблэмэ абы къызэрыхуигъэщIар. Езыр апхуэдизкIэ набдзэгубдзаплъэт, Iуэхум кууэ хищIыкIырти, къэкIуэну жыжьэм математикэм и сыт хуэдэ Iыхьэм зиужьынуми дэтхэнэ щIэныгъэм хуэмеижынуми къихутэфырт. Абы и гъэсэн куэд тетщ дунейм, Iэдэм къызэригъэпэща институтым щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр щолажьэ. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрыр иригушхуэн хуейуэ къысщохъу. Апхуэдэ цIыху лъэпкъым къызэрыхэкIар насыпышхуэщ! Си щхьэкIэ согуфIэ икIи срогушхуэ Нэхущ Iэдэм зэрысцIыхуам, нобэрей зэIущIэм сыкъызэревгъэблэгъам, - къыхигъэщащ Алимовым.

Къеблэгъауэ пэшым щIэсхэми эфир занщIэкIэ зыкъыпащIауэ зэIущIэм хамэ къэрал щыщу хэт щIэныгъэлIхэми захуигъазэу къэпсэлъащ Хьэшыр Светланэ:

- Си пэIуэкIэ къэпсэлъахэм ядызоIыгъ жаIа псори. Пэж дыдэу, Нэхущ Iэдэм и цIэр ди лъэпкъым, Урысей, дунейпсо тхыдэм къахэнащ. Пэжыр пэжу щытын хуейщ, щIэныгъэлI куэдым гъэсэн яIэкъым, ябгъэдэлъ щIэныгъэри абдеж къыщоувыIэ, езыхэр дунейм ехыжа нэужь. Ауэ Нэхущым гъэсэн куэд дыдэ иIащ икIи ахэр езым хуэдэу жыжьэрыплъэщ, жыджэрщ, щIэныгъэм гурэ псэкIэ хьэщыкъ хуэхъуа защIэщ. Къызолъытэ а цIыху телъыджэм щIэныгъэм хуилэжьа псори нэгъэсауэ иджыри къэс къыдгурымыIуауэ. Сыту жыпIэмэ, абы математикэр физикэми, биологиеми, информатикэми хиухуэнащ, арыншэу мыдрей лIэужьыгъуэхэр зэрымылажьэр наIуэ къищIащ. Сыхуейт апхуэдэ дыдэу Iэдэм и щIэныгъэм щыщ химиеми лъигъэIэсыну. Си IэщIагъэкIэ жысIэнщи, хуабжьу къытхуэсэбэпынут ар.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ Нэхущым и лэжьыгъэ хэхахэр щызэхуэхьэса тхылъыр 200 хъууэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием къызэрыдигъэкIар, абы папщIэ ЩIДАА-м и президент Къанокъуэ Арсен фIыщIэ зэрыхуащIыр.

- 1993 гъэм щыщIэдзауэ сыдэлэжьащ Нэхущ Iэдэм. ЯпэщIыкIэ сричэнджэщэгъуу, иужькIэ срикъуэдзэу. НэхъапэIуэкIэ уIэбэмэ, Зеикъуэ курыт еджапIэм сыщыщIэсым, математикэмкIэ сригъаджэу щытащ. КIэщIу жыпIэмэ, сызэрыцIыкIурэ сцIыхуащ Iэдэм. Абы цIыхухэр фIыуэ илъагъурт, абыхэм яхуэлажьэрт. ЩIДАА-м дыщызэдэлэжьами дыщызэгурымыIуа е жагъуэ хъун псалъэ къыщыжьэдэкIа зэи къэхъуакъым. Ди нэхъыжьыфIыр зигу фIыкIэ къинэжауэ, абы псалъэ дахэ хужиIэу мы зэIущIэм кърихьэлIа дэтхэнэ зы щIэныгъэлIми сыфхуохъуахъуэ адыгэр дызэригушхуэ ди еджагъэшхуэм иIа щIыхьымрэ хуащIу щыта пщIэмрэ хуэдэ фиIэну, - жиIащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къыщыпсэлъам.

ЗэIущIэм щагъэлъэгъуащ Нэхущ Iэдэм теухуа фильм кIэщI. Езы щIэныгъэлIыр телевиденэм къыщагъэпсалъэу трахауэ щыта нэтыным щыщ пычыгъуэм щыжиIэрт: «Сэ быдэу си фIэщ мэхъу щхьэж и гъащIэр и натIэ иту дунейм къызэрытехьэр. Сэ математик сыхъуну, а щIэныгъэм зезгъэужьыну, си лъэпкъым и цIэр щIэныгъэкIэ сIэтыну сыкъигъэщIат. НэгъуэщI IэщIагъэлI къысхэкIынутэкъым. Сэ сыматематикщ! Математикэр - ар езыр зыкIэ щIэныгъэ дахэщи! Си нэкIэ фезгъэплъащэрэт...».

ФЫРЭ Анфисэ.

Дэнэ здэкIуэр?

● ГъэщIэгъуэнщ

ГЪЭЩIЭГЪУЭНЫМ удэкIуэтэнт, егъэлеяуэ шынагъуэу щымытамэ. Хэбгъэзыхьмэ, уи акъылым къыпхуимытIасэу. Дэ десэжащ щIыпIэ къуейщIейхэм. Ахэр щIыналъэ псоми щыIэщ. «Узыдэмыхьа къуэладжэ лыжь дэлъщ» псалъэжьым зыхуэгъэзар нэхъыфI гуэр къэплъыхъуэу умыцIыху гъуэгу утемыувэнырщ: абы кIуэдыпIэм ухуишэнкIэ хъунущ.

Куэд щIауэ дыкъоджэ Бермуд щимэм теухуауэ ятххэм Атлантикэ хым егъэщIылIа Саргас тенджызым хиубыдэ а щIыпIэр цIэрыIуэ хъуащ къыщыхъу насыпыншагъэхэмкIэ: Абы куэдрэ кхъухьхэр щыщIелъафэ, и щыгум кхъухьлъатэхэр лъэужьыншэу щохуэх. КъызыхэкIыр иджыри къэс къахуэхутакъым сыт хуэдизрэ емылIэлIами.

Ауэ къызэрыщIэкIамкIэ, Бермуд хытIыгухэм я закъуэкъым апхуэдэ къыщыхъур, абыхэм хуэдэу темыпсэлъыхьми, США-м и Аляскэ штатым щекIуэкIхэр нэхъ телъыджэжщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, а щIыналъэр Урысей империем ейуэ щытащ, ауэ епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм и зэхуэдитIым Вашингтон иращат иджы зэрыжаIэмкIэ, пуд дыдэу. ЗанщIэуи дыщэ къыщагъуэтащ. А зэмным а щIыпIэм щекIуэкIахэр ди нэгу къыщIигъэувэжащ америкэн тхакIуэ цIэрыIуэ Лондон Джек. Ауэ аракъым дэ ди тхыгъэр зытедухуар.

Зи гугъу тщIыныр а штат къулейми щимэ зэрыщыIэрщ, я лъагапIэхэр Джуно, Анкоридж, Барроу къалэхэм хуэзэу. Мис а щимэм ику дэлъ щIыналъэм иужь илъэс щэныкъуэм цIыху мин 20-м щIигъу хъыбарыншэу щыкIуэдащ. Къалэ мыин хуэдиз! НэгъуэщIу жыпIэмэ, ику иту зы жэщ-махуэм хуэзэу зы цIыху щобзэх. Нобэр къыздэсым абыхэм ящыщ дэтхэнэми теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ, ауэ зыри зэхуащIыжыфакъым. Зыхуахьынур ящIэркъым. Мыбдеж къыщезэгъыркъым ахэр хьэкIэкхъуэкIэхэм яшхауэ я Iей къахузимурад гуэрхэм яукIауэ хуэбгъэфэщэныр. Апхуэдэу щытмэ, лъэужь гуэрхэр къэнэн хуейкъэ? Е а цIыху мин 20-м щыщу зыгуэрхэр хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ бзаджащIэхэмрэ къаIэщIэкIыну емыкIу?

Апхуэдэ дыдэуи мыбдеж къыщезэгъыркъым «дэкIри къигъэзэжакъым» е «мэзым щIыхьэри къыщIэкIыжакъым» псалъэхэри. 1950 гъэм Анкоридж илъэтыкIри, Монтанэ штатым щыщ Грейт-Фолс къалэм иунэтIат дзэ къулыкъущIэ 44-рэ зэрыса кхъухьлъатэм. СыхьэтитI нэхъ дэмыкIыу ар радарым икIуэдыкIащ, афIэкIаи ялъагъужакъым. Куэдрэ лъыхъуащ, ауэ зыри къахуэгъуэтакъым.

Арктикэм и гъунэгъу Аляскэм дунейр щыщIыIэщи, цIыхуу щыпсэур мащIэщ. АрщхьэкIэ мыбы гризли мыщэ шынагъуэр щыкуэдщ, алмэстыхэм щахуэзэу ягъэхъыбар. АрщхьэкIэ, ищхьэкIэ зэрыжытIащи, абыхэм яIэщIэкIуадэмэ, лъэужь гуэр къэнэн хуейкъэ? Кхъухьэрщэ? Кхъухьлъатэхэр-щэ? Мыгъуэр зи мыгъуарщи, хэкIыпIэу къагъуэтар нэгъуэщI планетэ къикIахэм псори тралъхьэнырщ. Абыхэм я базэхэр бгы щIагъхэм щыIэу хуагъэфащэ. ЦIыхухэри техникэри зыдыгъур ахэращ.

НэгъуэщIу Iуэхум еплъхэри щыIэщ. Аляскэр щIыпIэ къуейщIейщ, и щIым малъхъэдис куэду хэтщ. Мыбы ибгхэм хэту жаIэ нэгъуэщI дунейм узышэ бжэр. Аращи, бзэха псори абы кIуащ.

Дауи, фIэщщIыгъуейщ а псори. Ауэ, пэжу, нэгъуэщIу зыхуэбгъэфэщэнури сыт?

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Уае Дадэм и лъахэм

Дунейпсо климат щытыкIэм игъуэт зэхъуэкIыныгъэ инхэм къадокIуэ цIыхур иджыри къэс зыщымыгъуэза Iуэхугъуэ куэд: щIымахуэ здэщымыIа щIыпIэхэм уэс къыщос, щIыIэ уаер щытепщэ ищхъэрэ къэралыгъуэхэм ягъэунэхун хуей мэхъу зэмыса хуабэр. Апхуэдэу щыщыткIэ, нобэ дэтхэнэ цIыхумкIи лей хъунукъым, щыпсэу лъахэм къыдэкIуэу, адрей къэралхэм я дунейм, я псэукIэм хэплъэкIи.

ИДЖЫПСТУ куэд топсэлъыхь щIыналъэ псоми япыIудза, щIым и ищхъэрэ тIыгум пэмыжыжьэ Исландие хытIыгум. А щIыпIэм япэу щытеувахэм псом нэхърэ нэхъ къатехьэлъэр зы секундым хуэзэу метр 45-кIэ зизыч жьы борэнхэм я къэхъеигъуэ лъэхъэнэрщ, ар зыхамыщIэу ящхьэщыкIыныр куэдымкIэ гъэунэхупIэшхуэу. ЩIымахуэр нэхъ хьэлъэжщ, абы цIыхухэм я психикэ щытыкIэми зрегъэхъуэж, къэмытэджыххэу пIэм хэлъыныр нэхъ къащтэу. Ауэ сыт ящIэн?... ЦIыхухэр лэжьэн, еджэн, псэун хуейщ. Абы къыхэкIыу къарууэ яIэмкIэ пэщIэтын хуей мэхъу дуней щытыкIэ пхъашэм. Псори лъэрыщIыкI ищIу къэукъубей апхуэдэ жьышхуэр махуэ зыбжанэкIэ къопщэри, мэсабырыж. А псор зэфIэкIыу псэхужа нэужьщ я Iэпкълъэпкъыр щIэщIэу къаруушэ зэрехъулIар цIыхухэм щызыхащIэр: апхуэдизу щIиупскIэ дунейр зыхуэшэчын куэд щыIэкъым - кIуэрыкIуэм тету жейм ирищIыкIынри хэлъщ. Псори зэлъытыжар псынщIэрыщIэу зызыхъуэж атмосферэ давленэрщ - жьы борэныр къэсын ипэкIэ ар ямылейуэ йох, къызэрысу лъагащэу докIуей, иуха нэужь аргуэру йохуэх.

Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр цIыхум хуэхьын папщIэ узыншагъэшхуэ иIэн е а щIыпIэм есэжауэ щытын хуейщ. Апхуэдэхэм деж Исландием щыпсэухэр щытыкIэ хьэлъэм къизышыфу щыIэр какао гъэва пщтырырщ. Абы куэду хэлъ аминокислотахэм къатехъукI серотониным цIыхухэм я гукъыдэжыр къеIэт, теоброминым лъынтхуэхэр зэкIэщIегъэкIри, лъыр дримыгъэуейуэ и пIэм иригъэтщ.

Исландием щыпсэухэр щIымахуэ кIыхьым и хьэлъэм IэщIэкIын папщIэ какао ефапIэхэм щIэх-щIэхыурэ щызэхуос, жьы къабзэм хэтщ. Псы пщтыр зэрыт бассейнхэм макIуэ.

Исландием япэу ихьахэм къазэреупщIыр зыщ: «Витамин Д уефа?»... А къэралым щыпсэухэм, адрейхэм хуэдэу, а витаминыр къызыхэкIын яIэкъым. ФокIадэм и 12-м щыщIэдзауэ махуипщI къэс махуэм и кIыхьагъым зэуэ зы сыхьэт хэщIурэ макIуэ. Абыи удэкIуэтэнт - Исландиер зыхуэзэ щIыпIэм гъэмахуэ дыгъэ бзийхэр щIым занщIэу теукъэдияуэщ къызэрыщепсыр. Абы къыхэкIыу уижьэну зэи хунэсыркъым, цIыхум хурикъуну витаминыр абы къыхэкIын хуэдэу. Iэмалу къахуэнэр зыщ - гъэм и кIыхьагъкIэ псоми бдзэжьей дагъэ ираф. Ахэр дэнэ и дежи щащэ икIи пщэдджыжьыр зэрыщIадзэр а дагъэмрэ абы трафыхьыж псымрэкIэщ.

ЦIыху къэс дагъэу МЕ 800 - 1000-р ирефа, адрейр бдзэжьейм къыхэщIыкIа шхыныгъуэхэмкIэ ирагъэкъун хуейщ. ШхапIэ къэс щапщэфI бдзэжьей гъэжьамрэ кIэртIоф гъэвамрэ. Абыхэм я мэр пфIэмыгуакIуэу закъебгъэщIэн къудейр щэныншагъэу къалъытэ. ШхапIэхэм тхауэ фIэлъщ бдзэжьеймкъыкIэрихынкIэ хъуну мэ гуащIэми емылъытауэ, абы къыхэщIыкIа ерыскъыр иригъэхуэбэжыну хэти зэрыхуитыр. Апхуэдэ щIыпIэ къииныр псэупIэ зыхуэхъуа исландхэр зэи тхьэусыхэу зэхэпхынукъым. Я гур щIэгъуу зытепсэлъыхьхэр XX лIэщIыгъуэм и кум нэсыхукIэ гугъуехьышхуэ ятелъу псэуа я нэхъыжьхэрщ: цIыхухъухэр псори бдзэжьеящэт. Ахэр хым мазэ бжыгъэкIэ щытет щыIэт, куэди хэкIуадэу. Ахэр къэтыху унагъуэ Iуэхухэри Iэщ гъэхъунри цIыхубзхэм я фэм дэхуэрт.

1993 гъэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыщ генетикхэм ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Исландием щыпсэухэр, адрейхэм елъытауэ, куэдкIэ нэхъ нэжэгужэщ, гъащIэм гукъыдэж хуаIэщ. ЩIэныгъэлIхэм абы и къежьапIэр генхэм хуахь. ЦIыху къарууншэхэмрэ псэкупсэ кIулеягъ зыбгъэдэмылъхэмрэ Исландием и климат щытыкIэм пэлъэщу, абы щыпсэуфынкIэ Iэмал иIэкъым, - апхуэдэущ ахэр зэреплъар. КъищынэмыщIауэ, дуней псом зы лъэпкъи къыщыгъуэтыгъуейщ абыхэм хуэдэу зэрыIыгъыу. Арыншамэ, цIыхухэм я гукъыдэжыр ехуэхынущ. Абы къыхэкIыу гупу зэрызэхуэсыным, зэрызэбгъэдэсыным, зыр зым зэрыдэIэпыкъуным я гъащIэр теухуащ. Псом япэ ирагъэщыр я узыншагъэрщ.

ЩIымахуэр щыкIыхь къэралым я унэ зэлъыIухыкIэхэри нэгъуэщIщ.

- Дэ зэман куэдкIэ унэм дыщIэсын хуей мэхъу, блынджабиплIым деплъу. Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ пэш кIуэцIхэм я теплъэмрэ къэдгъэсэбэп дизайнхэмрэ. Абыхэм унагъуэм исхэм я гукъыдэжыр къиIэту, ямыужэгъуу щытыныр нэхъыщхьэщ, - жаIэ абыхэм.

Климат щытыкIэ ткIийм цIыхухэр нэхъ зэхуэгуапэ, нэхъ зэрыIыгъ ищIым и мызакъуэу, я гупсысэми зрегъэужь. Исландием къыщыбгъуэтынукъым цIыху Iуэхуншэ. Хэт сурэт ещI, хэти хьэкъущыкъу дахэ егъэж. Ахэр дэзыхьэх Iуэхухэм теухуащ зыщыпсэу унэхэм я гъэпсыкIэхэри - мастерской е галерее теплъэ ират.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Жанхэр, гурыхуэхэр, Iущхэр

ЦIыхум и дуней тетыкIэ хъунур нэхъыбэ дыдэу сабиигъуэ зэманым епхауэ къыщIэкIынущ. И гупсысэр зэтеувэн щIедзэ, и хъуреягъым кIэлъоплъ, упщIэрей мэхъу. Дауи, дахагъэ куэду илъагъун хуейщ. ЦIыкIухэм я гъэсэныгъэм теухуауэ къалэн гугъу ягъэзащIэ сабий садхэм. Иджыблагъэ деплъащ ныбжьыщIэхэмрэ я гъэсакIуэхэмрэ я зэпыщIэныгъэ гуапэр къызыхэщ Iуэхугъуэ. Щхьэлыкъуэ сабий сад №2-м щекIуэкIащ Шэджэм щIыналъэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэр, сабий садхэм я унафэщIхэр зрагъэблэгъа семинар. Ар Iыхьэ-Iыхьэу гуэшат.

Пасэреи нобэреи

Iуэхур Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ теухуа гъэлъэгъуэныгъэхэмкIэ къызэIуахащ. Абыхэм яхэтт пасэрей хьэпшыпхэри, гъэсакIуэ IэпэIэсэхэм я IэрыкIхэри, сабийхэр ящIыгъуу зэлэжьахэри. Хьэпшыпхэм къаIуатэрт тхыдэ хъыбари, лъэпкъ IэщIагъэхэм ятеухуа гупсыси, шхыныгъуэ IэфIхэм епха хабзэхэри, щэнхабзэм и дахагъи.

ЩIэблэр губзыгъэу бгъэсэнумэ...

Егъэджэныгъэ Iэмалхэр сабий садым къызэрыщагъэсэбэпым, и зыужьыкIэм, зэхъуэкIыныгъэхэм теухуауэ гъэсакIуэ Мэремкъул Иринэ и Iуэху еплъыкIэм щигъэгъуэзащ зэIущIэм хэтахэр.

- XXI лIэщIыгъуэм технологие, Iэмал щIэщыгъуэ куэд къэунэхуащ. Сабий садым щылажьэ дэтхэнэри иужьрей илъэсхэм егупсысагъэнущ «Сыт Урысейм и сабий садхэм щыIэ егъэджэныгъэм игъуэт зэхъуэкIыныгъэхэм къикIуэр, сыт тщIэн хуейр зэманым къезэгърэ сабийм я зэхэщIыкIым дыхуэсакъыу абыхэм дадэлэжьэным папщIэ?» жиIэу. ЩIэ куэд къоунэху, апщIондэхункIи хуабжьу зехуэж дызэса лэжьэкIэм. Сабиигъуэм, гъэсэныгъэм теухуауэ къалэн зиIэ цIыхухэр нэхъыщхьэ дыдэу зытетын хуейр сыт? Абыхэм епха упщIэ куэдым я жэуап къыщыдгъуэтынущ 2023 гъэм и фокIадэм щегъэжьауэ къэралым и сабий садхэр зытехьэн хуейуэ къару зыгъуэта федеральнэ егъэджэныгъэ программэхэм, - жиIащ Иринэ. ГъэсакIуэр зытепсэлъыхьа Iэмалхэм ящыщщ сабий къэс бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуэбгъуэтыныр, сабийм зиужьын папщIэ ар щагъасэ пэшхэр тыншу къызэгъэпэщыныр, бжыгъэхэм тет я ныбжьым зэрыхуэкIуэм елъытауэ къэгъэсэбэпыныр, цIыкIухэм я зэфIэкI къызэкъуегъэхыныр, гъэсакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ зэрыщIэу сабийм и гупсысэм зрагъэужьыныр, цIыкIухэр щэнхабзэм щIэпIыкIыныр.

ГъэсакIуэм къыхигъэщащ федеральнэ егъэджэныгъэ программэм нэхъыщхьэ дыдэу къахэщхэм ящыщ зы - сабий садым екIуалIэ сабийхэр хэкупсэу гъэсэныр. Къыщалъхуа щIыпIэм, къэралым теухуауэ я гупсысэм къизэгъэн хуэдиз щIэныгъэ етын, зыщыпсэу щIыналъэм щызэрахьэ щэнхабзэм хащIыкIыу къыдэгъэкIуэтеин хуейщ щIэблэр.

Мэремкъул Иринэ иригъэкIуэкIащ мастер-классхэри: сабийр даIуэрэ гупсысэфу егъэсэнымкIэ «Машэрэ мыщэхэмрэ» зыфIищар, гъэсакIуэмрэ адэ-анэхэмрэ зэдэлэжьэнымкIэ Iэмалхэр къызыхэщ «Гуэл телъыджэ»-р.

Дамыгъэхэм - пщIэ!

Сабийхэр зыхэт дерс иригъэкIуэкIащ гъэсакIуэ Тэтэр Жаннэ. Ар теухуат Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я дамыгъэ нэхъыщхьэхэм - ныпым, гербым, гимным, къэралымрэ республикэмрэ я щIыпIэ телъыджэхэм, Урысейр нэгъуэщI къэралхэм къахэзыгъэщхьэхукI Iуэхугъуэхэм. Сабийхэр тегушхуауэ хэтащ дерсым. Я зэфIэкIхэр ягъэлъэгъуащ гъэсакIуэм и упщIэхэм гъэхуауэ пэджэжкIэрэ, Хэкум и уардагъыр къызыхэщ усэхэм къеджэкIэрэ, къэрал, республикэ дамыгъэхэм къарыкIхэр къызэпкърахкIэрэ. Псом хуэмыдэу щIэщыгъуэт узыпхыплъ доска иным цIыкIухэм зэгъусэу тращIыхьа «Дунейр сабийхэм я нэкIэ» сурэтыр - хэт уафэ къащхъуэ, хэт дыгъэ, хэт удзыпцIэ, хэти жыгхэмрэ удз гъэгъахэмрэ ящIащ зэмыфэгъуу. Псоми зэщIыгъуу ящIа сурэтым къыхэщырт къабзагъи, хуабагъи, мамырыгъи.

- ЦIыкIухэр хэкупсэу гъэсэнырщ, къэрал дамыгъэхэм пщIэ зэрыхуащIыпхъэр къагурыгъэIуэнырщ, къэралымрэ республикэмрэ теухуауэ щIэ къегъэщIэнырщ къэдгъэлъэгъуа лэжьыгъэм и купщIэр. Абы папщIэ къэзгъэсэбэпащ джэгукIэр, упщIэжэуапыр, гъуазджэм и Iэмалыр. ЦIыкIухэр щызгъэхьэзырми гуапэ сщыхъуа куэд ядэслъэгъуащ, пэжым ухуеймэ. Япэ дыдэу гимныр къыщезгъэуам, езыхэм зыхащIащ абы ущыту уедэIуэн зэрыхуейри, макъамэр имыхауэ упсалъэ зэрымыхъунури. ЖыпIэнурамэ, си сабийхэм сазэрыщыгугъа псори ягъэзэщIащ, арэзы сыкъащIащ, - жиIащ Жаннэ.

«Сосрыкъуэ мафIэ къызэрихьыжар»

Къашыргъэ ФатIимэрэ НафIэдз Альбинэрэ я гъэсэнхэм телъыджэу къагъэлъэгъуащ «Сосрыкъуэ мафIэ къызэрихьыжар» теплъэгъуэр. Гухэхъуэт адыгэ фащэм нэщхъыфIэ ищIа, адыгэбзэр къабзу зыIурылъ, нарт лIыхъужьхэм я псалъэхэр Iэзэу зэпэздызыж, сабийхэм уакIэлъыплъыну. УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыртэкъым сабийхэм пщэрылъ къыщащIам фIы дыдэу зэрыпэлъэщар. Дэтхэнэми и образыр екIут, и псалъэхэр гум къыбгъэдэкIырт, хэлъэт иIэт. Сабийхэм нарт пшыналъэм хэт пычыгъуэ кIыхьхэр я гум зэрыраубыдами уигъэгуфIэрт. ЦIыкIухэм зэгъусэу жаIащ «Дэ адыгэм ди хабзэр аращ» уэрэдыр, уеблэмэ адыгэ къафэ лIэужьыгъуэхэм ящыщу тыншу къыпхуэмылъытэну уджкIэ дагъэгуфIащ.

- Ди гъэсэнхэм адыгэ нарт эпосыр къедгъэцIыхуныр, нартым я лIыгъэр щапхъэу къахуэтхьыныр, Сосрыкъуэ и лIыхъужьыгъэр зыхедгъэщIэныр, абы къыдэкIуэуи ди бзэр зэрыкъулейр я фIэщ тщIыныр - мыхэрат теплъэгъуэр щыдгъэхьэзырым къалэну зыхуэдгъэувыжар. Дауи, IуэрыIуатэм цIыху егъасэ - мыр лъэпкъым ди хъугъуэфIыгъуэшхуэщ. Къыхэзгъэщынут: цIыкIухэм ядэлэжьэн щыщIэддзам языныкъуэ сабийхэм анэдэлъхубзэр ирикъуу ящIэртэкъым, усэхэр е тхыгъэ пычыгъуэхэр зэрагъэщIэн хуэдизу ягъэшэрыуэртэкъым. Абы и лъэныкъуэкIэ гугъу дадехьащ. Нобэ гу зэрылъыфтащи, ди сабийхэм я адыгэбзэр къабзэщ. Ди гупым урыси, уеблэмэ куржыи хэтщ. Абыхэми зыкъагъэлъэгъуащ, адыгэ фащэр екIуу ящыгъыу, - жиIащ Къашыргъэ ФатIимэ.

- Пэжщ, адыгэбзэкIэ шэрыуэу, къабзэу ди гъэсэнхэр къэдгъэпсэлъэн, пшыналъэм щыщ пычыгъуэхэр едгъэщIэн папщIэ Iэмал дылъыхъуащ, гугъу зедгъэхьащ. Жагъуэ зэрыхъунщи, ди зэманым адыгэбзэм адыгэ унагъуэ псоми щрипсалъэркъым. АнэдэлъхубзэкIэ таурыхъ гъэщIэгъуэнхэм дакъыхуеджащ, адыгэ хабзэм хиубыдэхэм дахутепсэлъхьащ, нарт пшыналъэхэм гъэщIэгъуэну хэтхэм гу лъедгъэтащ. Мис, иджы ди гугъуехьым и жылэр тлъэгъуати, дэри дамэ къыттекIащ, - дыщIигъуащ Альбинэ.

Сабий садым и унафэщI Иуан Агнессэ жиIащ бзэм и Iуэхум теухуауэ нэхъыбэу адэанэхэм ядэлэжьэн хуей зэрыхъур, сыту жыпIэмэ, щIэблэм анэдэлъхубзэ яIурылъынымкIэ ахэращ нэхъыщхьэу жэуап зыхьыр.

- Адыгэбзэм и Iуэхур хэплъэгъуэ зэрыхъур долъагъури, ди гъэсэнхэм гулъытэ яхудощI абы теухуауэ. Адэ-анэхэм допсалъэ, долъэIу, унэм я бзэкIэ къыщепсэлъэну, цIыкIухэр зыщIэупщIэIамэ, анэдэлъхубзэкIэ жэуап кърατыжыну, - къыхигъэщащ абы.

ХьэщIэхэм я псалъэ

Шэджэм щIыналъэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ Щыхьмырзэ ФатIимэ сабий садым и унафэщIым, гъэсакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ зыпэрыт IэнатIэм псэкIэ зэрыбгъэдэтым папщIэ, къыхигъэщащ семинарым хуагъэхьэзыра дерсхэр, теплъэгъуэр, къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ, утыку итыкIэр щапхъэу ягъэлъагъуэм зэрыхуэдэр.

- «Сосрыкъуэ мафIэ къызэрихьыжам» гукIи псэкIи щыджэгуащ фи лIыхъужь цIыкIухэр. Сэ згъэщIэгъуащ сабийхэм я гурыхуагъэр, сыту жыпIэмэ, псоми гу лъыттащ усэрэ едзыгъуэу, прозэм щыщ пычыгъуэу абыхэм зэрагъэщIэфар я ныбжьымкIэ тIэкIу зэрыгугъур. Актёр Iэзагъэм щыхуагъасэу пIэрэ мыбы жысIэу сыщIэупщIащ, уеблэмэ. «Хьэуэ» къызжаIэщ. Ауэ щыхъукIэ, а псор зи фIыщIэр сабий садым и лэжьакIуэ гумызагъэхэрщ. ФIыщIэ ин фхузощI анэдэлъхубзэр сабийхэм яIурылъыным, щэнхабзэр ящIэным гулъытэ зэрыхуэфщIым папщIэ, - жиIащ Шэджэм щIыналъэм и профсоюз комитетым и унафэщI Энеевэ Лизэ.

- Нобэ гъэсакIуэхэм я зэфIэкIым, сабийхэм я Iущагъым дыгушхуэу дыкIэлъыплъащ. Псэр ягъэтыншу зыкъагъэлъэгъуащ сабийхэм: хэкупсагъэм щыхуагъэса дерсми, нарт пшыналъэм и теплъэгъуэми, уэрэд жыIэнми, къэфэнми. Тхьэм нэхъри фригъэфIакIуэ! - захуигъэзащ гъэсакIуэхэм «Ручеёк» сабий садым и унафэщI КIэрэф Ларисэ.

ХьэщIэхэм жаIащ мызэмытIэу сабий садым игъэхьэзыра щIэныгъэ лэжьыгъи цIыкIухэр зыхэт Iуэхугъуэхэри зэралъагъуар, абы папщIэ къагъэсэбэп Iэмалхэм сыт щыгъуи щIэщыгъуагъ зэрыхалъхьэр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Спорт хъыбархэр

Я щхьэр лъагэу къагъэзэж

ТхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) Кавказ Ищхъэрэм и Кубокыр къэхьыным хуэунэтIа урысейпсо зэхьэзэхуэ иджыблагъэ ЕсэнытIыгу къалэ щекIуэкIащ. Ар и фэеплъу щытащ дунейпсо классымкIэ спортым и мастер Мкртчян Маргаритэ. Зэпеуэм кърихьэлIащ къэралым и щIыналъэ 14-м я спортсменхэу, илъэс 12 -14, 15 - 17 хъуххэу, 400-м щIигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щIыхьыр яхъумэу ЕсэнытIыгу щыIащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэнхэр икIи командэ зэпеуэм япэ увыпIэр щаубыдащ.

Щхьэзакъуэ зэхьэзэхуэхэм щытекIуащ Теувэжыкъуэ Руслан (кг 33-рэ), Щоджэн Басир (кг 41-рэ), Къэзанш Къамболэт (кг 61-рэ), Пщыхьэщ1э Эстеллэ (кг 41-рэ), Елгъэр Алинэ (кг 33-рэ), Атэлыкъ Амелие (кг 59-рэ) сымэ. Абыхэм нэмыщI, дыжьын медалу 6-рэ домбеякъыу 5-рэ ди тхэквондистхэм зэпеуэм къыщахьащ.

Командэм и тренерхэр Унэжокъуэхэ Абдельджаббаррэ Къантемыррэ, Тикаев Индрис, Хъурей Беслъэн сымэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Олимп чемпионым и саугъэтым щIэбэну

Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, Адыгэ Республикэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Олимп джэгухэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ я чемпион Хъущт Аслъэнбэч и саугъэтыр къэхьыным хуэунэтIауэ щIыналъэм и зэхьэзэхуэ зэIуха. Абы кърихьэлIащ спортсмен 315-рэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ кърикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэхэм ящыщу я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэр къыщахьащ Темырчы Темырлан (кг 42-рэ), Уэдыжь Имран (кг 45-рэ), Ингуш Къантемыр (кг 110-рэ) сымэ.

ЕтIуанэ хъуащ Дашу Хьэсэн (кг 65-рэ), Уэзынжокъуэ Казбек (кг 29-рэ), Куэтэншы Щамил (кг 48-рэ) сымэ. ТIахъущ Тимур (кг 32-рэ), Тэнащ Аслъэнбэч (кг 41-рэ), Бжьыней Айдэмыр (кг 51-рэ), Тет Даниял (кг 60), Емуз Тамерлан (кг 80), КIуэкIуэ Темболэт (кг 71-рэ), Къэблахъуэ Надар (кг 92-рэ) сымэ ещанэ увыпIэр къахьащ.

Бжьыпэр къахь

Кавказым и Кубокыр киокушинкай каратэмкIэ къэхьыным хуэунэтIауэ щIыналъэхэм я зэхьэзэхуэ иджыблагъэ Налшык къалэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ илъэси 6 - 17 зи ныбжь спортсмену 350-м щIигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэм нэмыщI, зэпеуэм кърихьэлIащ Ставрополь крайм, Шэшэным, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Дагъыстэным я командэхэр.

Зэхьэзэхуэм кърикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь, япэ увыпIэр хуагъэфэщащ ди республикэм и щIалэхэм. ЕтIуанэ хъуащ РСО-Аланиер, Шэшэным и лIыкIуэхэр ещанэщ.

Зэпеуэм къыщыхэжаныкIахэм кубокхэр, медалхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ иратащ.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Ди хъыджэбзхэр нэхъ лъэщт

Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ округхэм баскетболымкIэ щрагъэкIуэкI щIыналъэ зэхьэзэхуэм и япэ зэIущIэхэр иджыблагъэ щызэхэтащ Ставрополь крайм и ЕсэнтIыгу къалэм. Абы щызэпеуащ 2008 гъэм къалъхуа хъыджэбзхэмрэ абыхэм нэхърэ нэхъыщIэхэмрэ, псори зэхэту командибл хъууэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыщу абы хэтащ Налшык къалэ администрацэм Физкультурэмрэ спортымкIэ щIэныгъэ гуэдзэн щIэблэм щрагъэгъуэт IуэхущIапIэм - курыт еджапIэ №2-м (баскетболым щыхуагъэхьэзыр) и гъэсэнхэр икIи я хьэрхуэрэгъухэм фIыуэ ефIэкIыу зэIущIэм япэ увыпIэр къыщахьащ.

Абы къыдэкIуэу, саугъэт щхьэхуэхэр къыхуагъэфэщащ Кушбокъуэ Эрминэ, Бережная Софье, Къул Амелие сымэ.

Ди командэм и тренерхэр Тхьэкъуахъуэхэ Риммэрэ Усмэнрэщ.

ЗэкIэ гупиплI хэщIынығъэншэщ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ щIымахуэ чемпионатым хэт командэхэм я зи чэзу зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIащ. НобэкIэ хэщIыныгъэ зимыIэхэр 4 мэхъу. ТекIуэныгъэ щырыщ яIэу япэ увыпIитIым щытщ Зеикъуэ и «Шагъдиймрэ» Налшык и «Спартак-Д»-мрэ.

Иужьрей джэгугъуэхэм командэхэр мыпхуэдэу зэдэджэгуащ:

«Мурбек-ФШ» (Налшык) - «Шагъдий» (Зеикъуэ) - 1:2,
«Ислъэмей» - «Автозапчасть» (Бахъсэн) - 0:1,
«Инал» (Къарэгъэш) - «Спартак-Д» (Налшык) - 0:7,
«МАХ» - «Локомотив» - 0:4,
«ГорИс (Налшык) - «Искра» (Альтуд) - 1:0,
«Имран» (Бахъсэн) - «ЛогоВАЗ» (Бабугент) - 0:2,
«Зэрэгъыж» - «ХьэтIохъущыкъуей» - 3:3.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Шагъдий»	**3**	**3**	**0**	**0**	**14-3**	**9**
2. «Спартак-Д»	**3**	**3**	**0**	**0**	**14-4**	**9**
3. «Зэрэгъыж»	3	2	1	0	8-5	7
4. «ГорИс»	2	2	0	0	4-1	6
5. «Локомотив»	2	2	0	0	8-2	6
6. «ЛогоВАЗ»	3	2	0	1	5-7	6
7. «Искра»	3	2	0	1	9-2	6
8. «ХьэтIохъущыкъуей»	3	1	1	1	6-6	4
9. «Автозапчасть»	2	1	0	1	2-2	3
10. «Мурбек-ФШ»	2	0	0	2	2-4	0
11. «Ислъэмей»	3	0	0	3	2-6	0
12. «МАХ»	3	0	0	3	4-12	0
13. «Имран»	**3**	**0**	**0**	**3**	**3-12**	**0**
14. «Инал»	**3**	**0**	**0**	**3**	**0-15**	**0**

Зэрынэрылъагъуэщи, нобэкIэ командитху текIуэныгъэншэщ. Къэрэгъэш и «Иналым» и закъуэщ хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм иджыри топ дэзымыгъэкIыфар. Ауэ, чемпионатым щIидза къудейуэ аращи, тегъэчыныхьауэ зыми укъытеувыIэ хъунукъым.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэхэр зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм «ДыгъафIэ къалэ» стадионым щекIуэкIынущ.

ШАФИЙ Аслъэн.

Шхынрэ хьэпшыпкIэ ядоIэпыкъу

● Дызэкъуэту

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и суд приставхэм, «ЦIыхубэ фронт» псапащIэ фондым щIыгъуу, СВО-м хэт ди лъахэгъухэм шхынрэ хьэпшыпкIэ зэрадэIэпыкъум пащэу, иджыблагъэ гъуэгу трагъэхьащ ахэр яхуэзышэр.

Мы IэнатIэм и лэжьакIуэхэм езыхэм я ахъшэкIэ къащэхуурэ, щIэх-щIэхыурэ лъагъэIэс ди щIалэхэр зыхуэныкъуэнкIэ хъунухэр.

БАХЪСЭН Ланэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаnnэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.625
Заказыр №2718

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, корректорхэу **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, **Инэрокъуэ Аээмэт** *(1, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Ныр Саидэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.